ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№202 (22.360) ● 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Медведев Дмитрий ди мыІэрысэхэр нэхъ иныж хъуну щогугъ

Москва щекІуэкІ «Бжьыхьэ дыщафэ-2012» 14-нэ Урысейпсо агропромышленнэ выставкэм щыкІуам, Медведев Дмитрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм ептыащ.

Медведев Дмитрий КъБР-м и экспозицэм и хъэщІэщ.

ИНТЕРАКТИВНЭ картэмкІэ Премьерым ирагъэлъэгъуащ ди дежи щагъэзэщІэну инвестицэ проект нэхъыщхьэхэри, щІэдзауэ ягъэзащІэ проектхэри. Къашцтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэ хъуэу хуежьащ пхъэщхьэмыщхьэ куэд кьызыпыкІэжьыт хадзэхэр. 2008 гъэ льандзрэ апхуэдэ хадзу гектар 1000-м щІигъу хасащ, 2020 гъэм нэсыху ахэр гектар мини 10 ирагъэкІыну я мурадщ. А псоми гъэ хъес къыпачыныщ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мин 600-м нэблагъэ. Ягъэ дыдэу (зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыяпэу) апхуэдэ жыг хадэ хэзыхуэ щытар «Юг Агроснаб» ООО-щ.

Идыкерей жыг хадэхэм къэкІыгъэхэр Іуву щыхасэ, бетоным кьыхэщІыкІа пкъохэр, анкер, кІапсэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщагъэсэбэп. Жыгхэм зыхуей хуащхьэхэр зыхъэпсыпсыр щІэткІуэу зэтрауху, уэм имыкьутэн папщІэ хъару щхьэр традльхъэ. Апхуэдэ хадэхэм щхьэхэр мыІэрысей лІэужьыгъуэ нэхъыфІ дыдэхэрщ. Ди дежи щагъэкІа мыІэрысэхэу кІолограмм ныкъуэ зи хъэлъагъэм щеплым, Медведев Дмитрий гушыІэурэ жиІащ: «ЕтІуанэу дыкъыщыкІуэнум ирихъэлІэу фи мыІэрысэхэм зы килограмм къашэчу щытын хуейщ».

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен жиІащ республикэм и мэкъумэш хозяйствэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм игъэзащІэ федеральнэ программэм и дэІэпыкъуэгъэкІэ зэрыгнужьащ. «Къэралыр мы ІэнатІэм хэхауэ зэрыдэІэпыкъуэм Іэмал къет агробизнесым и лъэныкъуэ куэдым зэгъэужьыныкІэ», - кьыхигъэщхьэхукІащ Къанокъуэ Арсен.

Бэварыщхуэ кьэзыт жыг хадэхэмрэ жьызым хадэхэмрэ зэрызэубгъуэ кьыхэкІыу, логистикэ центрхэми зрагъэжьын хуейІуэ къоув. Ди щІыналъэм и дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ щхьэхьэмыщхьэхэр щахъэмэ иджырей комплексхэр щІыным. Апхуэдэ зым и проектыр Москва щегъэлъагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ комбинат» акционер зэгуэхьныгъэ зэІухам. 2011 гъэм продукцэр зыгъэзащІыкІ. Абы мы зэманым нэхъыфІ дыдэу кьалытэ Іэмэсымэхэр щІэтщ икІи Европэм щагъэувам мардэхэм тету мэлажьэ. Комплексыр гъэтІылъэпІэ 24-уэ зэпыудащ, дэтхэнэми ику иту продукцэ тонн 200 щІэхуэу. Пхъэщхьэмыщхьэр килограмм 300 зэрыхуэу пластик контейнерхэм ильу яхъумэ. Комплексым и щІыІагъыр, псы Іагъыр, абы щІэт газым и зэхэлъыкІэр компьютерым зэтреухуэ. А компьютерым интернеткІи унафэ хуэпщІ мэхъу. Иджыпсту республикэм апхуэдэ щыІалъэу тІу щыІэщ. Зэман къэкІуэнум хадзэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ я хъумапІэу ящІыну псоми продукцэу тонн мин 600-м нэс щІэхуэнущ.

Москва щекІуэкІ выставкэм екІуалІэхэм КъБР-м щагъэззэщІэну я мурад иІэгъэщІ бизнес-проектхэми щыгъуазэ защІ. Апхуэдэхэм ящыщІ Бахьсэн муниципальнэ районым щауэхуэ агротехнопаркыр, «Агро-Союз» ООО-м жэм гъэшыфІэу минИ 2 щІэхуэу ищІыну Іэщ комплексыр, гектар 100 хъу «Агро-Ком» теплицэр. Ирихьэрэ и ягъэ Іыхьэр хьэзыр ящІащ. Зэрыщыту комбинатыр ягуІыпщІмэ (ар 2015 гъэм яхуэзфІэкІыну къыдалытащ), мы Іэнатіэм гъэ къэс помидору тонн мин 67-м щІигъу кьыщалажьыфынущ.

Проектхэм къадэкІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэлъагъуэ ерыскъыпхъэ, псыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр: пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкІхэмрэ, абыхэм кьахощІыкІа консерв зэмылІэужьыгъуэхэр, щІакхъуэжькІхэмрэ Іэфы-кІэхэмрэ, гъэшым кьыхэщІыкІа ерыскъыгъуэхэр, псы, фадэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

ХЬЭПЭ Марин,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● «Бжьыхьэ дыщафэ-2012»

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

«Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкІэ шэсыпІэр центрымрэ щІыналъэхэмрэ я зэдэлэжьныгъэрщ»

Тхьэмахуэ зэхуаку блэкІам Москва щекІуэкІа «Бжьыхьэ дыщафэ-2012» агропромышленнэ выставкэм хэтащ Къанокъуэ Арсен я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа гупыр.

А ВЫСТАВКЭМ щыкІуам КъБР-м и экспозицэм епльри, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий кьыхигъэщхьэхукІащ ди мэкъумэшыщІэхэм ехьулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр зэраІэр, республикэм игъэльагъуэ агропроектхэри зэрыхьэлэмэтыр.

Гъэлъэгъэныгъэм кьрикІуахэм я гъуэгу щищІым, Къанокъуэ Арсен жиІащ: «Правительствэм и УнафэщІыр «Бжьыхьэ дыщафэ - 2012» мэкъумэш выставкэм кьызэрыкІуам кьызыгъэльагъуэ мы Іэнатіэм Урысейм и унафэщІхэм гупльытэшхуэ зэрыхуащІыр. Иджы федеральнэ Іэнатіэр къэралым и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным нэгъуэщІ нэкІэ еплъу хуежьащ икІи ар сэрэпышхуэ мэхъу щІыналъэхэм кьыщІэт зэрдэмхэр ядэІыгъыныкІэ. Урысейм и Правительствэм и Іэтащхьэм агропромышленнэ комплексым дэІэпыкъуныкІэ программэр адэкІи ягъэзащІну, апхуэдэу мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм налогхэмкІэ дяпэкІи худачыхьну дыкьигъэгугъащ икІи ар щыхьэт тохъуэ мы Іэнатіэр федеральнэ властхэр хэхауэ зэгугъныкъэм ящыщу дяпэкІи зэрыщытыныр.

Агропромышленнэ комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщущ. Иджыпсту унеи мыпхуу куэд мэп гъэхъуным, Іэщ гъэхъуным трагъэкІуадэ. Нэгъэкуэ къэралхэм щыщ инвестор лъэщхэр, псалъэм папщІэ, Италием щыщхэр хэту, проект лъэщ зыбжанэ зэфІэдгъэкІащ. Нэхъыбэу дэ тегъэщапІэ тщІыр иджырей зэманым езэгъыу кьэгъэщІэрэщІэжа, хъерышхуэ кьэзыт Іэнатіэхэр зэтеуухэнырщ. Абы кьызэкІыу республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зэпІэзэрыту зеужь. Къапщтэмэ, нэгъабэ республикэм гъэтхьэкІыщрахьэлІэр процент 14,7-кІэ, лыуэ кьыщалэжьыр процент 14-кІэ, гъэшу кьыщашыр процентш 10-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Агропромышленнэ предприятэ инхэр щыным социальнэ мыхьэнэ хэхаи иІэщ: ахэр икъукІэ сэбэпышхуэ мэхъу цІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ. Псалъэм кьыдэкІуэ жьэІэнщи, Іэнатіэ куэд иІэ республикэм и кьэкІыпІэ лъэныкъуэм кьыщыхэдгъэпэщ PLANA технопарким кьыщыщІэуахынущ ди дежи кьыщрахьэлІэ мэкъумэшхэкІэм щеліэжьну Іэнатіэ зыбжанэ. Псори зэхэту абы мин 11-м нэблагъэ щылэжьэнущ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэм я Іуэхущ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2012 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м **№101-РГ**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэр гъэуцуным и Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м кьыдигъэкІа Указ №140-УП-м ипкъ иткІэ, 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэр яхуэфащэу кьалытэн:

«Къэрал музыкэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм;

«Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм;

«Горький М. и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзыныр мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэльэгъуэ Іуэхущ1апІэхэм щыІэ хабзэхэм тету грантхэр етынныр кьызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

ДУНЕЙМ ЩЫХЬЫБАРХЭР

Шэч зэрыхуащІам кьыхэкІыу

Махуэ зыбжанэ хьуауэ дунейм щытопсэльыхь Тыркум яІэ щыкІэ Урысейм, итІанэ Армением я кьэухьлъатэхэр зэрыщыубыдам. Щыхьэ кьызэрыращкІ кьэухьлъатэхэр Тыркум залымыгъэкІэ кьыщІыпрагъэтІысэхам и щхьэусыгъуэр абыхэм Сириием пщІэу ізэхуамыт зэхьэзыгъэ ящІэІыхьэу щэч зэрыхуащІарщ.

Дыгъуасэ Армением и кхъухьлъатэр кьыщащым кьагъуэтар Алеппэ кьалэм щыпсэуэм зэрадзІэпыкъун ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпщыпхэмрэщ. ИужькІэ ар хуит ящІащ и гъуэгуанэм пищ1ну.

НэхьапІэкІэ Іуэхущ1э урысей кхъухьлъатэм кьыщащуэта радиолокационнэ Іэмэпсымэхэр апхуэдэ щыкІэкІэ бгъэІэпхъэныр хабзэм къезэгъыу кьалытэ урысей, сирие лъэныкъуэхэм икІи радархэр кратыжьын хуейуэ кьагъэуэ.

А къэхъуекащІэхэм я ужькІэ Тыркумрэ Сириемрэ я уэгуэхэр зэхуащІащ, зым и кхъухьлъатэр адрейм и щыІалъэмкІэ щхьэпрыльэтыну хуныкъу.

ЗэхьуэкІыныгъэхэр хамылъхьэу хъунукъым

Фадэ ефар рулым дэтІысхьэну хуит зымыщІ хабзэр нэхъри щІипсэуткІиену и мурадщ «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм хэтым.

«Ягъэрауэ, цыхум и лъым фадэ хэтрэ хэмытрэ кьызэрахутэ Іэмалхэр егъэфІкІуапхъэщ, щыуатъэ кьыхэмыкІын, лажьэ зимыІэм тезыр темыхуэн щхьэкІэ. ИтІанэ, хэкІыпІэу щыІэр кьэдгъэсэбэпу, дэ дапэуныи хуейщ фадэ ефІуэу рулым дэтІысхьэхэм. Абы теухуа хабзэм дэ зэхъуэкІыныгъэщІэхэр хэдмылъхьэу хъунукъым», - жиІащ а фракцэм и унафэщІ Воробьев Алексей.

Цыхухэм фэбжь хахащ

Екатеринбург и унэхэм ящыщ зым и еТІуанэ кьатым хэт фтэрым газ кьызэрыщыуам и зэран екІащ щыхуиІуам.

Уигъэм щІэсхэм газымэ кьащІихьэри, газыр кьызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъэр кьраджащ. ІэщІагъэлІхэр кьэсу я лэжьыгъэм и ужь ихуа ноужь, газыр кьэуащ, мафІэсэн кьхэхъуащ. МЧС-м кьызэритамкІэ, абы и зэран цІыхухэм екІащ - ахэр сымаджэщхэм яшащ, тІур хьэлъэщ.

Бондарчук Федор киностудием и унафэщІщ

«Ленфильм» киностудием и директорхэм я советым и унафэщІу ягъэуващ режиссер Бондарчук Федор.

Советым хагъэхащ «Урысей мылыку» Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и куэдзэ Пристанскоев Дмитрий, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министрым и куэдзэ Демидов Иван, щэнхабзэмкІэ министрым и дэІэпыкъуэгъу Аристархов Андрей, кинорежиссерэу Сокуров Александр Герман Алексей-нэхъыщІэмрэ, продюсер Сельянов Сергей сымэ.

Киностудие нэхъыфІхэм хабжэу илъэс 90-м щІигъуэу лажьэ Іуэхущ1апІэм щытрах фильмхэм щапІыкІащ ди къэралым и щІэблэ куэд.

Апхуэди къохьу

Японием и «Тойота» концерным кьыщІигъэкІа автомашинэ мелуани 7-м щІигъу зыщохуахэм кьаІехьаж. Абы и щхьэусыгъуэр аэр сокьат гуэр иІэу ящІауэ кьызэрилъытэрщ.

Концерным и лъыкІэ Ямадэ Сино зэрыжиІамкІэ, а техникэ щыуагъэм зэкІэ насыпышагъэ кьрикІуакьым, ауэ апхуэдэ къэмыкъунщхьэкІэ, Европэм и къралхэм, США-м, Китаймэ кьаращыжьам хуейщ марэз зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ я автомобиль мелуани 7,4-рэ.

НОБЭ

t **Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**

t **УнафэщІым и махуэщ**. Ар 1962 гъэм США-м кьыщылахъхьауэ щытащ. Иджы а махуэр щагъэлъапІэ дунейм и щыпІэ куэдым, СНГ-м хъхъ кьэралхэри яхуэ.

t 1991 гъэм Налшык щыІэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфІхэм я съезд.

t Каир щыщ адыгэ усакІэущхуэ, хьэрыт усакІэхэм я пащтыхьэу ягъэльэгъу **Шэуокый Ахьмэд** кьызэралъхуэрэ илъэсиз 142-рэ ирокъу.

t 1917 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, эдэзэкІакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кьардэн Бубэ.**

t Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, литературовед **ТІымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэхэр **«pogoda.yandex.ru»** сайтым кьызэригъыкІэ, Налшык уэфІу щытыщ. Хуабэр мазхуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым - 12 - 14 щыхьэнущ.

ПІэлъэпэр зыгъэхьэмрэр **ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мэриэм.**

● Пщэдей

«Musica Viva» къокІуэ

Москва щыІэ Musica Viva камернэ оркестрым Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм концерт щитынущ. «Налшык - Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэ къалащхьэщ» проектыр мы гъэм зэхуащІыжмэ, Темыркъан Юрэ и щІэкІэ зэхуаблэнущ пІалъэ кІыхьым тещІыхьа симфониемузыкэмкІэ щІыналъэ зэхуаку фестиваль.

ЩЭНХАБЗЭ проектым хэту кьызэрагъэпэщыну концертхэм дуней псом и «вагъуэхэм» классикэ макъамэхэр щагъэзэщІынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэмрэ и хьэщІэхэмрэ ялэ дыдэу зыгъэгуІэнухэм ящыщщ Рудин Александр зи художественнэ унафэщІ Musica Viva камернэ оркестрыр (Москва).

Оркестрым и щІэр дуней псом зэрыщыІуам и фІыгъэкІэ, щыналъэ зэхуэмыдэхэм иц музыкантхэр дэлэжьэну арэзыщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, нэмыщІ флейтист Адориан Андраш, дуней псом и оперн сцэм и примадоннэхэу Доната ди Джойс, Массис Анник, Жено Вивика, нэгъэщІэкІэ.

Иужьрей зэманым Москва щекІуэкІа концерт гукъинэжьэм ящыщ зыщ си гупсу щІы оркестрым инджылыз дирижер щІэрыщІу Хогвуд Кристофер и Іуэсэу итар. Британием и «вагъуэ» нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу кьалытэ Норрингтон Роджер щэнёрэ оркестрым кьригъэблэгъащ (Musica Viva оркестрыращ маэстром и гъусэр Урысейм зыкъыщыщигъэльагъуэкІэ). Норрингтон фІыуэ илъэгъуа гупым и гъусэу концерт итынущ мы гъэми етІанэгъэ.

2012 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м Musica Viva камернэ оркестрым «Форум» къэрал кинокопцэт гъэпэгъуэпІэм концерт щитынущ. ЩыщІидзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-щ. Концертым епльыну хуейхэр пщІэнэу щагъэхьэнущ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Сыту пІэрэ фестивалым кърикІуар?

Пщэдей, сыхьэт 15.00-м, Налшык къалэ и Тэрчокъуэ уэрам, 50-м тет Къэбэрдей-Балъкъэрым и многофункциональнэ щІалэгъуалэ центрым пресс-конференц щекІуэкІынущ. Ар теухуауэ щытынущ къафэмкІэ екІуэкІа «Viza2Daнсэ» дунейпсо фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лыкІуэхэри зэрыхэтам кърикІуам.

ФЕСТИВАЛЫР жэпуэгъуэм и 1-10-хэм щекІуэкІащ Танзание Республикэ Зэгуэтым и Дар-эс-Салам къалэм. Урысей Федерацэм щыщу а фестивалым хэтар Налшык и «Gangsters crew» гупырщ.

КъэфакІуэ гупым хэтхэр яльэгъуам, яхуэзфІэкІам тепсэльыхьынущ, журналистхэм я упщІэхэми жэуап иратынущ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсиет.
КъБР-м щІалэгъуалэм и Іуэхущ1эмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Химки» (Мэзкуу область) - 1:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ягъэ дивизионым 2012-2013 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгъуасэ Налшык щызэхэтэ зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топыр дэзыгъэкІар Сирадзе Давидщ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Химки»-мрэ я зэІущІэр зэрекІуэкІа щІыкІэмрэ зи чэзу джэгуГуэм иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхьигъэ ди газетым щыдэт тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● «Бжьыхьэ дыщафэ-2012»

псы Іагъыр, абы щІэт газым и зэхэлъыкІэр компьютерым зэтреухуэ. А компьютерым интернеткІи унафэ хуэпщІ мэхъу. Иджыпсту республикэм апхуэдэ щыІалъэу тІу щыІэщ. Зэман къэкІуэнум хадзэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ я хъумапІэу ящІыну псоми продукцэу тонн мин 600-м нэс щІэхуэнущ.

Москва щекІуэкІ выставкэм екІуалІэхэм КъБР-м щагъэззэщІэну я мурад иІэгъэщІ бизнес-проектхэми щыгъуазэ защІ. Апхуэдэхэм ящыщщ Бахьсэн муниципальнэ районым щауэхуэ агротехнопаркыр, «Агро-Союз» ООО-м жэм гъэшыфІэу минИ 2 щІэхуэу ищІыну Іэщ комплексыр, гектар 100 хъу «Агро-Ком» теплицэр. Ирихьэрэ и ягъэ Іыхьэр хьэзыр ящІащ. Зэрыщыту комбинатыр яуІыпщІмэ (ар 2015 гъэм яхуэзфІэкІыну къыдалытащ), мы Іэнатіэм гъэ къэс помидору тонн мин 67-м щІигъу кьыщалажьыфынущ.

Проектхэм къадэкІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэлъагъуэ ерыскъыпхъэ, псыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр: пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкІхэмрэ, абыхэм кьахощІыкІа консерв зэмылІэужьыгъуэхэр, щІакхъуэжькІхэмрэ Іэфы-кІэхэмрэ, гъэшым кьыхэщІыкІа ерыскъыгъуэхэр, псы, фадэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

ХЬЭПЭ Марин,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Хэкіуэдахэр ягу къагъэкІыж

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зыри ящыгъупщакъым

Щэбэт кІуам, жэпуэгъуэм и 13-м, республикэм и хабзэхьумэ Іэнатіэ 18-м Іэщэнэ зэщІуэзэда бзаджащІэхэр кьызэрыстеуэрэ илъэси 7 щрикъу махуэм, республикэм фэепль Іуэхущ1эгъуэр щекІуэкІащ. Хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэу зи гъащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытынигъэмрэ щІэзытахэр ягу кьагъэкІыжащ.

ФЭЕПЛЪ махуэм и ягъэ зэхьэкІэр щекІуэкІ Къэрал кІэщІ Іуэхущ1эмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и актовэ залым щыхуэр щІэзт. Илъэсибл и пэкІэ кьэхьуа гуауэр ягу кьагъэкІыжу зэхуэсат абы щыгъэм республикэм и кьалащхьэ Налшык бзаджащІэхэм щахьэмэу хэкІуэда, а гуауэм и ужькІи яуклахэм я адэ-анэхэмрэ я Іыхьлъэмрэ. Адэхэр, кьэушэхэр, дэлъхухэр, щхьэгъуэгъэхэр зыгъэІэкІуэда унаГуэзэхэр 200-м щІигъурт.

Къэрагъэблэгъахэм яхэтащ республикэм и хабзэхьумэ органэхэм, ветеран, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я унафэщІхэр.

- Нобэ идогъэкІуэкІ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхьумэхэм я республикэпсо фэеплъ махуэ. Дигу кьыдогъэкІыж Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ я щІыналъэхэм мамырыгъэ, зэпІэзэрытынигъэ щыІэныкІэ нэсу зи кьалэн зыгъэзэщІахэр, - жиІащ кьызэхуэсахэм я ягъэ захуэзыгъэза къэрал кІэщІ Іуэхущ1эмкІэ министр КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы щыпсэуэхэм я мамырыгъэм зи гъащІэр щІэзыта хабзэхьумэхэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Илъэсибл и пэкІэ Налшык кьалэм кьыщыхьауэ хабзэхьумэ 35-м, щыху мамыр 15-м я гъащІэр зыхьа гуауэзэщІ. Абы щыгъуэм КъБР-м и хабзэхьумэ органхэм я лэжьакІуэ 95-рэ уІэгъэ хьауэ щытащ.

Республикэм и конституцэр, жылагъуэ хабзэр зэтезыкьутэну хущІэкІу ІэщэкІэ зэщІуэзэда бзаджащІэхэр зэтеуКІэнам кьыщагъэльэгъуа хахуагъэмрэ лыгъэмрэ папщІэ, а кьэхьуахэм хэта щыху 300-м щигъум къэрал дамыгъэ льапІэхэр кьызэрыхуагъэфащэр жиІащ министрым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м кьэхьуахэм и ужькІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм лагъым, Іэщэ уэ макъэр кьыщоІу. Экстремизмэм иращІэкІа бэнэныгъэм гъажьащІэ кьэхьуфІхэр иджыри щыхоІуэдэ. Мы гъэм я кьалэн ягъэзащІу КъБР-мкІэ МВД-м и лэжьакІуэ 11 хэкІуэдащ. Ахэр: капитан Сэхъу Аслъэн, лейтенант нэхъыщхьэхэу КІуащ Аслъэнбэч, Хьэжы Рустам, Наку Мурат, лейтенантхэу Мамыщ Хьусен, Бесыр Аззэт, Мэщыкьуэ Борис, лейтенант нэхъыщІэхэу Плыкъуэщауэ Замир, Мэщыкьуэ Залым, прапорщик нэхъыжь Щхьэгъэпсо Хьэсэн сымэщ. Иджы дыдэ бандитхэм ягъэщІэту и гъащІэр итащ полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур.

Абыхэм я Іыхьлъхьэмрэ благъэхэмрэ яхуэгугъэващ икІи кьызэхуэсахэр кьэтэджри хэкІуэдахэр ягу кьыгъэкІыжу, я фэеплъым пщІэ хуащІу дакьикъэнІэ щымащ.

Министрым кьыхихгъэщащ яуклахэм я унагъуэхэм ядэІэпыкъуэгъэ зэрыгъэфІэкІ псори зэралажьынур, я гугъуехьхэмрэ зыгъэпытеінхэмрэ гулъытэншэу кьызэрамыгъэнэнур. Абы республикэм щыпсэуэхэр кьыхуарищащ щэпхьабжагъэм ягъэІэтыныкІэ нэхьри зэкъуэувэну.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэм я Іуэхущ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2012 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м **№101-РГ**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэр гъэуцуным и Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м кьыдигъэкІа Указ №140-УП-м ипкъ иткІэ, 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэм ехьулІа и грантхэр яхуэфащэу кьалытэн:

«Къэрал музыкэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм;

«Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм;

«Горький М. и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзыныр мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэльэгъуа Іуэхущ1апІэхэм щыІэ хабзэхэм тету грантхэр етынныр кьызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Дзэкъуэш республикэхэм

Бжьыхьэсэр йокІуэкІ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэр гектар мин 45-м щІигъум хагъэзэгъащ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым кьызэщІауБыдэфар гектар мининщІт.*

ЦІЫМАХУЭР зытемыхьэлъэ кьэкІыгъэхэр мы гъэм гектар мини 100-м тращІэнущ. БжьыхьэсэмкІэ апэ итщ Джаджэ куейр. Нартыхур, сэхураныр, прунжыр зэщІэкъуэжьныр и кІэм нагъэ.

Абхъазым и фІыщІэ

АБХЪАЗ. *Алтай крайм щыщ, Урысейм и Лыхъужь Вольф Виталий и фэеплъ мемориал пхъэбгъу Абхъазым щагъэуващ.*

АБХЪАЗЫМ зауэр щыщкІуэкІым урысей мамырщІэкъу кьаруухэм яхэту Вольф щІыналъэм щыІащ. И кьалэныр игъэзащІэу, шэхэр кьыстрагъэльалъэу щыхуежьам, абы десант пщІы бжьыгъэхэр кьригъэлащ. Зэрихьа Іыгъэм папщІэ Виталий Урысейм и Лыхъужь цІэр кьыфІащащ (мыпсэужу).

Фэеплъ пхъэбгъуэр щагъэуващ ди Къэбэрдей Іуэда Сыхъум куейм хьэпэ Эшерэ Ищхьэрэ кьуэжьам.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

БэлагъыкІыр зыІыгъым хьэ къарнбгъу щогугъ.

«Къэрал сыхьэтым» къыщопсалъэ Гэртер Иван.

● Къэрал сыхьэт

Щіэныгъэрэ Іэщіагъэрэ зиІэр зэи ІэнатІэншэ хъунукъым

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Гэртер Иван Къэбэрдей-Балькъэр къэрал аграрнэ университетым и студентхэм яІущІащ, «Къэрал сыхьэт» жыпхъэм тепу.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, ректор **Жэрыкъуэ Борис** кІыхьиГъащІ Правительствэм и Унафэщі хъуам кІыуэхар мы ешджанІэр зэрыарар.

- Сэ сыкъыщыщІэтІысхьам, мыр агромелиоративнэ институту щыгащ, - жиІащ Гэртер Иван. - Иджы фэ сынывохъуэху фи ешджанІэм «къэрал аграрнэ университет» статусыр зэригъэтхамкІэ.

Премьерым студентхэм яжриаг фІыуэ ешджэхэм ядэІэпыкъун зэрыхуейм кІэ къыщІидзащ. ИльэС зыбжанэ хъуауэ, къэралым и адрей щІыналъэхэми хуэдэу, ди республикэми щокІуэкІ щІэныгъэм зи Іэуху теухуа щІалэгъуалэр Европэм и ешджанІэ нэхъыщхьэхэм къэрал ахъшэкІэ щІэгъэтІысхьэнкІэ.

- Дэ ныбжьыщІэхэм ятеткъуэзрэхьым ешджэн къызэрауахыу Іэмал имыІэу зыкъэзэжыну, - кІыпащащ и псалъэм Гертер. - Кьыдгуроу Іуэ здэщыІэм иджыри тІэкІурэ къыщыхэрэ я щІэныгъэм, я Іэзагъым хагъахъуэмэ, зэрынэхъыфІыр. Ауэ къэзыгъэзэжыну хуейхэм ди бжэр яхуэзІухащ. Едгъаджэ щІалэгъуалэм дащоугуть ди республикэм и экономикэм зэгъэуцужыкІэ дэІэпыкъугъэ хъуну.

Хэт и дежкІи нэрылъагъуу къысщохъу Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм мы зэманым псынщІэу зэрызиужьыр. ЦІыхухэр нэхъыбэу елэжь хъуащ, хадэ гъэжьнымрэ Іэщ гъэхъунымрэ: район къэс фермэщІэхэр къыщоуногъу, джаджьаз гъэхъуным и Іуэхури зэрефІакІуэм и щыхьэтщ «Бахъсэн-Бройлер», «Велес-Агро» зэгугъэныгъэхэр. Дзэпыкъуэ фермэм гуэгуш щагъэхъу фермэ щыухэным и Іуэхур яубзыу.

Адэкіэ Гертер Иван студентхэм я упщІэхэм жэуап яритащ. Унагъуэшхэм къыхэкІа щІалэ щІэупщІащ апхуэдэхэм щы кІыхьупачьнымкІэ тІуэху унафэ щыІэрэ-щымыІэрэ.

- Бынунагъуэшхуэхэм щІы Іыхьэ яхуэхъунымкІэ зэрыгъэзэжа хабзэ щыІэщ, ар кІыхьатын папщІэ фІыщІыпсэу къуажэм, районым я администрацэхэм захуэмрэзэзэн хуейуэ аращ, - жиІащ Гертер Иван.

Нэхъыкфыу адэжь студентхэм стипендие зэрырат щІыкІэм и гугъу щащІым. Правительствэм и Унафэщім жиІащ фІыуэ адэжэхэм республикэм и Іэтащхьэм и стипендие зэрыратыр, дяпэкІэ КъБР-м и Правительствэм и стипендие яту зэтраублэным зэрегупсысыр.

Студентхэр хьэщІэм ешдмІащ ди республикэм гидроэлектростанцэр щаухэр мурад яІэрэ ямыІэрэ, абы сэбэпныгъуэ ди щІыналъэм къыхуихьынум.

- ГЭС-хэр ди деж щызыІухэр «Рус-Гидро» зэгухьэныгъэращ. Абы щхьэкІэ электроэнергиям и уасэм техуауэ дэ нэхъ лейуэ тхудамыкъыми, а Іуэхущ Іапім иф1 ди щІыналъэм кьокІ. Псалъэм кьыдэкІуэу жьпІэмэ, «Рус-Гидро» зэгухьэныгъэм республикэм и бюджетым налог хъарзынэхэр къыхелхьэх, социальнэ Іуэху гъэрхэмкІэ кьыддоІэпыкъу. Къэд щІакъым Зеиньуэ къуажэм щыпсэухэм папщІэ лъэмыжьыщІэрэ псыр зрикІуэ кІэнаугъэщІэрэ зэрахуэхэр, пхъэнкІий зэрыдашьи «КамАЗ» машинэ къызэрыратрэ. Иджыблагъэ дагурыІуащ Шэрэдж куейм сымаджэщ щахуэхэну. Псом нэхъыщхьэрэщІ, ГЭС-хэр - ди щІыхуэм папщІэ лъэжьыгъэ Іэнатіэщ, - жиІащ Премьерым.

ЕджапІэ къэзыухэр практикэ здагъакІуэ Іуэхущ Іапім щыІэжьэну кьэнэжу унафэ къыщыдамыгъэкІыж и щхьэусыгуэм зыр щыщІэупщІэм:

- ЕджапІэ къэзыух псоми лажьапІэ къызэрыхуагъэуту щыта хабзэм хуэдэ иджы щыІэжкъым. Ауэ фІыуэ феджэмэ, фэ ешьм фхуэзэфІэкІынымк Іэ техуауэ фызыхуей Іуэхущ Іапім нэхъ пасэу хъыбар евгъаащІэмэ, Іэнатіэншэу фыкъэнэжыкъым. Сэ сызэригуГэкІэ, щІым телэжьыхьыну зи мурад дэтхэнэри лэжьапІэншэ зэи хъунукъым.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

(КІэухым. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Хэкіуэдахэм я унагъуэхэм защІэтхъкъуэныр я кІэдащ зэрыщытыр жиІащ адэкІэ псалъэ зрата Урысейм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу КИФШІ-м щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ и федеральнэ инспектор Канунников Владимир. Министрым зышхьыуэгъаэхэм кьапэщыт кьалэн кьыззэрымыкІуэхэр зэфІэхьыным кьыззэфІэмыщІэу, ерыщу зэрыбгъэдэтым папщІэ фІыщІэ хуищІащ. Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэухэм я нэхъыбэм кьэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ органхэм щІыхухэм я мамырыгъэрэ къэралым и Конституцэмрэ хьумэным я кьарур зэрырахьэлэр кьаэзрыгурыІуэр кьыхихэщащ.

Ильэсибл и пэкІэ кьэхуа гуаузм кьытримыгъэзэжным и хэкІыпІэхэр зыхалъагъуэм, я гукъэкІыжхэмкІэ кьыІэзэхуэсахэм ядэгуэшащ, «2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м кьэхуа гуауэр зэи гум имыхужыщІ. Апхуэдэ зэи кьремыкьуж», - жиІащ псалъэмакъым кьыпІэзыщахэу Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ Бабаев Алим, КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым, ветеран зэгухьэныгъэм я унафэщІхэу Балькъыз Валерэ, Думай Борис сымэ.

Адэкіэ КъБР-мкІэ МВД-м и и УРНС-м и унафэщІ кьэралкІуэщІ кьулыкъым и полковник Бейтыгъуэн Заур кьежджащ зи кьалэн зыгъэзэщІэу хэжьуэда офицерхэу Шукай Зубер, Джэдгъэф Жаубэ, КІэрашэ Хьэдис сымэ ЛІыгъэм и орден кьыз зэрыхуагъэфащэм техуауэ Урысей Федерацэм и и Президентым и Указым.

- Зы бзаджащІи кьилъмьэ тезырым Іэщ Іэкьынымк, дэтхэнэми зэрихьа щІэпхъаджагъэмкІэ хуэфащэ жэуап ихьынщ, - жиІащ Васильев Сергей кьэрал дамыгъэ ІьалІэхэр зыхуагъэфэщахэм я Іыхьлъхэм щаритыкъым.

Удз гъэгъахэр тралъхьэ

Фэеплъ махуэм теухуа Іуэхугъуэм пащэу, Кьэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЬБР-м щыІэ Васильев Сергей, хэжьудахэм я унагъуэхэм-гъэм, я гукъэкІыжхэмкІэ кьыІэзэхуэсахэм ядэгуэшащ, «2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м кьэхуа гуауэр зэи гум имыхужыщІ. Апхуэдэ зэи кьремыкьуж», - жиІащ псалъэмакъым кьыпІэзыщахэу Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ Бабаев Алим, КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым, ветеран зэгухьэныгъэм я унафэщІхэу Балькъыз Валерэ, Думай Борис сымэ.

Адэкіэ КъБР-мкІэ МВД-м и и УРНС-м и унафэщІ кьэралкІуэщІ кьулыкъым и полковник Бейтыгъуэн Заур кьежджащ зи кьалэн зыгъэзэщІэу хэжьуэда офицерхэу Шукай Зубер, Джэдгъэф Жаубэ, КІэрашэ Хьэдис сымэ ЛІыгъэм и орден кьыз зэрыхуагъэфащэм техуауэ Урысей Федерацэм и и Президентым и Указым.

- Зы бзаджащІи кьилъмьэ тезырым Іэщ Іэкьынымк, дэтхэнэми зэрихьа щІэпхъаджагъэмкІэ хуэфащэ жэуап ихьынщ, - жиІащ Васильев Сергей кьэрал дамыгъэ ІьалІэхэр зыхуагъэфэщахэм я Іыхьлъхэм щаритыкъым.

Зыри ящыгъупщакъым

кьагъэкІыжащ зи гъащІэ емыблэжу республикэм и кьэдмурт зыхуэныкъуэ зыхуэныкъуэкІэр. Зи Іыхьлъхэр зыфІэкІуэдахэм ягъэв, зэманыр зыпэмылъэщ гуауэм кьытримыгъэззэжыным, дин зэхьэкІар тетъэщІапІэ ящу щалэгъуалэр гуэгу щантхъуэрыгуэм трагъэнырзыкъуэзэрыльэныкъуэкІэр. Зи Іыхьлъхэр зыфІэкІуэдахэм ягъэв, зэманыр зыпэмылъэщ гуауэм кьытримыгъэззэжыным, дин зэхьэкІар тетъэщІапІэ ящу щалэгъуалэр гуэгу щантхъуэрыгуэм трагъэнырзыкъуэзэрыльэныкъуэкІэр. Ящщ кьъэзыщта бзаджащІэхэм яхуэфащэ жэуап яхьынщ, хабзэхьумэхэм я мызакъуэу, зэрыщыту жылагъуэр зэгъэуІуауэ хуущІэкъуэн зэрыхуейр кьыхагъэщащ пэкІэм кьыщыгъэзэпыкъэм.

- Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ди льахэм и мамырыгъэм зи гъащІэр щІэзытахэр, хэкІуэдахэм ящІэрыгъэ хахуагъэр яхэльу Хэкум дежи щалэ кьалэныр зэрагъэзэщІар кьытщІэхьуэ щІэблэм я щапхъэщ, ахэр ягъащІэкІэ тхыдэм кьыхэнэнущ. Терроризмэм ущыпэлъэщыну гуэзекъуэтэмщ, - жиІащ КЬБР-м и Парламентым промышленностымкІэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ зэпыщІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэремкъуэ Сэфэрбий.

- Псори дызыгъэпІетей щыІыкІэм дыкьыззэрикІынум, ди льахэм мамырыгъэр кьыщызыгъэтІэсхьэну зыгъэзэщІэм щалэгъуалэр ягъэІэщІэ зэрытщІыным, гъуэгу закуэр кьыхахьным, льапІэ ныгъэм я нэхъыщхьэр гъащІэр, напэр арауэ зэрыщытыр кьагурыІуэным и хэкІыпІэхэр зэгугъуэу дубзыхун ухуей. ГъащІэм и гугъуехьхэр зи нэгу щІэкІа, ауэ абы химыгъащІэу я хабзэр, пщІэр, нэмысыр зыхъумэжа нэхъыжьхэр щІалэгъуалэр фІым зэрыхуэдущиным дегупсысыпхъэщ, - жиІащ кьыкІэпІыкьуэу псалъэ зрата балькъэр льэпкъым я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Ахматов Мусса.

А махуэм екІуэкІа фэеплъ Іуэхугъуэм кьемыкІуалІэу зыхуэфІэмыкІыжьу, фІыгъэмыгъэкІыфынухэм язт Шыбзыхьэ я Сэфудин. Бзаджащ Іэхэм я Іщ Іуэкіа хабзэхьумэхэм ящыщт абы и кьуэр - полицэм и лэжьакІуэ, юстицэм и капитан Шыбзыхьуэ Аслъберт.

- Хьэльэщ апхуэдэ гуауэр. Сэри сащыщщ зи кьуэ закъуэр зыфІэкІуэдахэм. Дыгъуасэ кьэхъуам аргуэру дигу кьигъэжьыжащ нобэми тщымыгъупщэ гуауэ ткІыбжьыр - жэпуэгъуэм и 12-м боевикэм я Іщ Іэкіуэдащ полицэм и офицер Бэрэздж Артур. Нобэ мы фэеплъым деж дыщыщІэгупсысьн хуейщ дызыгъгулъэшм и жэуапым: дапщэщ ялэжьахэмкІэ эзэлащ щахьынур а укІыгъэмрэ терактэмрэ я кьыкъуэтэкэм? МВД-м и щхьэхьэкъуэ гугъуехьхьым ар, атІэ жьлагъуэ псомэ дыдейщ, - жиІащ зи гур кьызэфІэнэ, ауэ зызыІыгъ «Уи унэм - мамырыгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и унафэщІ Шыбзыхьуэ Сэфудин, - Кьарузехьэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэмрэ дызэкьуэувэу зэфІэува щытыкІэм кьытримыгъэззэжыну кІэ еттын, а узыфэ бзаджэм щалэгъуалэр щыхьужьмэным и хэкІыпІэхэр зэІуб тщІын кьыхуейщ.

Мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, ныбжьыгъугъэм щалэгъуалэр кьыхуриджащ нэхьыжьхэм я ужькІэ псалъэ зрата студент Быныдыкъ Ислам.

Адэкіэ республикэм и унафэщІхэм, кьызэхуэсахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

Иужьрей гъуэгуанэ

Абы иужькІэ зы сыхьэткІэ нэхъ гуваУэ Аруан куейм ихьэ Къэхьун къуажэм дзэ щыхь хуащІу щыщІалъхьащ КЬБР-мкІэ МВД-м экстремизмэм пэщІэтыныкІэ и центрым и лэжьакІуэ полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур. Ар зэкІуэдащ Іэщкіэ зэщІэуэзда бзаджащІэкъэр убыдыным теуха Іуэхугъуэкэр Налшык кьалэм щыщекІуэкІым.

Абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуэгуэзващ кьэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министру КЬБР-м щыІэ генерал-майор Васильев Сергей, Урысей Федерацэм и МВД-м щыналъэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и Іуэхущ Іапім хэмрэ кьудамэхэмрэ я унафэщІхэр. Я кьуажэгъу щалэр зигу щыхьа кьахьунд эсхэр кьыззэхуэсат адэ-анэм яхуэщыгъэуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьныкІэ и кьрал комитетым зэІущІ гуанэ щекІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу зи проект нэхъыфІу кьалыытахэр. Мы Іуэхуэмкіэ я мурадыр Къэбэрдей-Балькъэрым и граждан жылагъуэм зегъэужьыныр, зэгурыІуныгъэр гъэбдэдным хуищІэкъуныр. ЗэІущІэ кьыз Іуэхущ ихьынкІэ ириГъэкІуэкІащ комитетым и унафэщІ Пащты Борис.

Пащты Борис щІэгуфІэн щхьэусыгъуэ иІэщ - сертификатхэр куэдым ялъысащ.

Пащты Борис кьыхихэщащ псапащІэ Іуэхуэхэм хэтыр иджыри зэрымащІэр. Хэмэ кьэралхэм я бжьыгъэхэр фІыуэ щыІэхьыбзащ. Пащтым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр кьыхуриджащ Іэмалу яІэр кьагъэзэфну, я лжьыгъэр зэхьэкІ купщІафІэ ящІыну. Абыхэм куэд зэрахуэфІкІынур быдэу и фІэщ зэрыкъуэрыщІыжьащ Пащтым и псалъэм.

Зи проект нэхъыфІу ящІатьта жылагъуэ зэгухьэныгъэу 21-м ахьщэ кьыззэрыратну тхьилъхэр зІущІэм щагъэщыжащ. Абыхэм ящыщт КЬБР-м ЦІнхабзэмкІэ и фондым и Іуэхум и унэтІныныгъэ лъэпкъым кьыщІэнар хьумэным, гъэбдэгъуэным хуэунэтІауэ игъэхьэзыра проектыр.

2011 гъэм коммерцэм пымыщІа Іуэхущ Іапім ехуэ 40-м нэблагъэм щІыхуэбэ гъащІэр нэхъ тынш, нэхъыфІ зэращІынм, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэ щІыхуэхэм ядэІэпыкъуурэ, проект 41-м нэблагъэ кьаІэтащ. Ахэр республикэм и щІыхубзм я псэукІэр щхьэзэхэр» зэгугъэныгъэм хуэунэтІащ. Іуэху 200-м нэблагъэ кьрахьэжьати, абы щІыхь мин 80 хуэдиз кьызэщІиубыдащ.

2012 гъэми коммерцэм пымащІа Іуэхущ Іапім у 40-м нэблагъэм щІыхуэбэ гъащІэр нэхъ тынш, нэхъыфІ зэращІынм, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэ щІыхуэхэм ядэІэпыкъуурэ, проект 41-м нэблагъэ кьаІэтащ. Ахэр республикэм и щІыхубзм я псэукІэр щхьэзэхэр» зэгугъэныгъэм хуэунэтІащ. Іуэху 200-м нэблагъэ кьрахьэжьати, абы щІыхь мин 80 хуэдиз кьызэщІиубыдащ.

2012 гъэм коммерцэм пымащІа Іуэхущ Іапім у 40-м нэблагъэм щІыхуэбэ гъащІэр нэхъ тынш, нэхъыфІ зэращІынм, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэ щІыхуэхэм ядэІэпыкъуурэ, проект 41-м нэблагъэ кьаІэтащ. Ахэр республикэм и щІыхубзм я псэукІэр щхьэзэхэр» зэгугъэныгъэм хуэунэтІащ. Іуэху 200-м нэблагъэ кьрахьэжьати, абы щІыхь мин 80 хуэдиз кьызэщІиубыдащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаннокъуэ Арсен и унафэкІэ республикэм и щІыпІэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ Жылагъуэ совет кьыщІэзэрагъэпэщ.

КЬБР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и кьэрал комитетым дапэкІэну кьызэрагъэпэща советым и унафэщІу ягъэувар политолог, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт, псалъэм и хуитныгъэм ехьэлІа Іуэхухэмкіэ комиссэм и нэхьыщхьэ **Тэн Тимурщ**, Абы и нэІэ щІэтущ япэ советыр зэрекІуэкІар. Япэ зэІущІэм хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іэ нэхъысанагъэхэм я гугъу щащІащ.

Тэн Тимур зэрыжиІамкІэ, советым ыкьалэн нэхъыщхьэу Іуэхуэмрэ ІуэрыІатэ зыкъуэ: Къэбэрдей-Балькъэрым и Іуныджьыр Іэтыныгъэ власткъэм щІыхуэмрэ зэпыщІэныгъэ.

Къэрал комитетым и унафэщІ **Къумахуэ Мухьадин** кьыхихэщащ къэрал унафэщІхэмрэ щІыхуэбэмрэ я зэпыщІэныгъэм мыхьэнэ гуэр иІэн папщІэ, дэтхэнэми и Іуэху ерпІыжІэр мышІэжу кьигъэльэгъуэфу, зыр зым эхихьу щытым зэрыхуейр.

«Налшык» жылагъуэ радиотелевидеиэ компаниеи и редактор-режиссер, Урысей Федерацэм и кинематографистхэм я зэгухьэныгъэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэм и секретарь **Сукомлинов Евгений** кьызэриІуатэмкІэ, ди телевидеиэм щылажьэхэм я кьуэхым, Іэзагъым кьагъэжьыжащ зи гъащІэ емыблэжу республикэм и кьэдмурт зыхуэныкъуэ зыхуэныкъуэкІэр. Зи Іыхьлыхэр зыфІэкІуэдахэм ягъэв, зэманыр зыпэмылъэщ гуауэм кьытримыгъэззэжыным, дин зэхьэкІар тетъэщІапІэ ящу щалэгъуалэр гуэгу щантхъуэрыгуэм трагъэнырзыкъуэзэрыльэныкъуэкІэр. Зи Іыхьлыхэр зыфІэкІуэдахэм ягъэв, зэманыр зыпэмылъэщ гуауэм кьытримыгъэззэжыным, дин зэхьэкІар тетъэщІапІэ ящу щалэгъуалэр гуэгу щантхъуэрыгуэм трагъэнырзыкъуэзэрыльэныкъуэкІэр. Ящщ кьъэзыщта бзаджащІэхэм яхуэфащэ жэуап яхьынщ, хабзэхьумэхэм я мызакъуэу, зэрыщыту жылагъуэр зэгъэуІуауэ хуущІэкъуэн зэрыхуейр кьыхагъэщащ пэкІэм кьыщыгъэзэпыкъэм.

- Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ди льахэм и мамырыгъэм зи гъащІэр щІэзытахэр, хэкІуэдахэм ящІэрыгъэ хахуагъэр яхэльу Хэкум дежи щалэ кьалэныр зэрагъэзэщІар кьытщІэхьуэ щІэблэм я щапхъэщ, ахэр ягъащІэкІэ тхыдэм кьыхэнэнущ. Терроризмэм ущыпэлъэщыну гуэзекъуэтэмщ, - жиІащ КЬБР-м и Парламентым промышленностымкІэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ зэпыщІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэремкъуэ Сэфэрбий.

- Псори дызыгъэпІетей щыІыкІэм дыкьыззэрикІынум, ди льахэм мамырыгъэр кьыщызыгъэтІэсхьэну зыгъэзэщІэм щалэгъуалэр ягъэІэщІэ зэрытщІыным, гъуэгу закуэр кьыхахьным, льапІэ ныгъэм я нэхъыщхьэр гъащІэр, напэр арауэ зэрыщытыр кьагурыІуэным и хэкІыпІэхэр зэгугъуэу дубзыхун ухуей. ГъащІэм и гугъуехьхэр зи нэгу щІэкІа, ауэ абы химыгъащІэу я хабзэр, пщІэр, нэмысыр зыхъумэжа нэхъыжьхэр щІалэгъуалэр фІым зэрыхуэдущиным дегупсысыпхъэщ, - жиІащ кьыкІэпІыкьуэу псалъэ зрата балькъэр льэпкъым я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Ахматов Мусса.

А махуэм екІуэкІа фэеплъ Іуэхугъуэм кьемыкІуалІэу зыхуэфІэмыкІыжьу, фІыгъэмыгъэкІыфынухэм язт Шыбзыхьэ я Сэфудин. БзаджащІэхэм я Іщ Іуэкіа хабзэхьумэхэм ящыщт абы и кьуэр - полицэм и лэжьакІуэ, юстицэм и капитан Шыбзыхьуэ Аслъберт.

- Хьэльэщ апхуэдэ гуауэр. Сэри сащыщщ зи кьуэ закъуэр зыфІэкІуэдахэм. Дыгъуасэ кьэхъуам аргуэру дигу кьигъэжьыжащ нобэми тщымыгъупщэ гуауэ ткІыбжьыр - жэпуэгъуэм и 12-м боевикэм я Іщ Іэкіуэдащ полицэм и офицер Бэрэздж Артур. Нобэ мы фэеплъым деж дыщыщІэгупсысьн хуейщ дызыгъгулъэшм и жэуапым: дапщэщ ялэжьахэмкІэ эзэлащ щахьынур а укІыгъэмрэ терактэмрэ я кьыкъуэтэкэм? МВД-м и щхьэхьэкъуэ гугъуехьхьым ар, атІэ жьлагъуэ псомэ дыдейщ, - жиІащ зи гур кьызэфІэнэ, ауэ зызыІыгъ «Уи унэм - мамырыгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и унафэщІ Шыбзыхьуэ Сэфудин, - Кьарузехьэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэмрэ дызэкьуэувэу зэфІэува щытыкІэм кьытримыгъэззэжыну кІэ еттын, а узыфэ бзаджэм щалэгъуалэр щыхьужьмэным и хэкІыпІэхэр зэІуб тщІын кьыхуейщ.

Мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, ныбжьыгъугъэм щалэгъуалэр кьыхуриджащ нэхьыжьхэм я жьыкІэ псалъэ зрата студент Быныдыкъ Ислам.

Адэкіэ республикэм и унафэщІхэм, кьызэхуэсахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

Иужьрей гъуэгуанэ

Абы иужькІэ зы сыхьэткІэ нэхъ гуваУэ Аруан куейм ихьэ Къэхьун къуажэм дзэ щыхь хуащІу щыщІалъхьащ КЬБР-мкІэ МВД-м экстремизмэм пэщІэтыныкІэ и центрым и лэжьакІуэ полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур. Ар зэкІуэдащ Іэщкіэ зэщІэуэзда бзаджащІэкъэр убыдыным теуха Іуэхугъуэкэр Налшык кьалэм щыщекІуэкІым.

Абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуэгуэзващ кьэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министру КЬБР-м щыІэ генерал-майор Васильев Сергей, Урысей Федерацэм и МВД-м щыналъэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и Іуэхущ Іапім хэмрэ кьудамэхэмрэ я унафэщІхэр. Я кьуажэгъу щалэр зигу щыхьа кьахьунд эсхэр кьызэхуэсат адэ-анэм яхуэщыгъэуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Жылагъуэ совет

Зым жиІэр адрейм зэхех

нэхъри хагъэхъуэн хуейщ. Абы кьыхихэщащ ди телевидеиэм диІыгъу ныкъуэныгъэкэр. Кьалщтэмэ, «псалъэ щхьэхэм» фІэкІа нэхъыбэм зэрумыльагъуфу. КІыкІу зэпсалъэхэм жаІэм утозашэ, уемыдэжьжьыфу. «Нэтынхэр хуабжьу гъэщІэгъуэн, щІэнэгъуэ пщы хъунущ, нэгъуэщІ Іэмалхэр кьэбгъэсэбэну: сурэтхэр кьэбгъэльагъуэу, узытепсэльыхь Іуэхум ехьэлІауэ нэгъэщІ щІэныгъэлІхэм яІэ гупсысэхэр кьеБгъэІуатэу», - жеІэ Сухомлиновым.

Жылагъуэ советым хэтхэм и гугъу яІащ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм лжьакІуэ зэрахурмакъуэм. Абыхэм кьыхихэщащ кьыдэкІуэтей щІэблэр журналистикэм и щхэхухэм хурагъаджэ кьищыкІэмышІащ, нобэкІэ абы ирилажьэхэм я Іэзагъым хагъэхъуэн хуейуэ, мастер-классхэр ирагъэкІуэкІыу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм яГакІуэу ирагъащІ.

- «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТРК-м и корреспондентэ **Шаумурзаев Хьалид** кьыхихьащ, спортым хуэхэа канал щхьэхуэ республикэм щыкІэзэІуэахыну. SK-NEWS.RU Интернет - проектым и унафэщІ **Чернышева Марина** кьызэхуэсахэм ядэгуэшащ ди журналистхэм я зэфІэкІыр щыІагъэхьуэн, сыт хуэдэ Іуэхуми тепсэльыхьыбфу езыгъэсэн семинар-тренинг Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым и секретарь **Касютин Владимир** кьрагъэблагъэу КъБКЬУ-м щрагъэжьыжьащ.

Жылагъуэ советым и зэІущІэхэм журналистхэм я лжьакІэм и гугъу щащІыну я мурадщ. «Демократиер кьагъэсэбэнурэ, льабжьэ зимыІэ, щэч кьызыштепхъэ хъыбархэр утыку кьрахьэныр кьеэзгъыркъым. Республикэм кьыщыдэкІ газетхэм ящІущ зым цІыхубз усакІуэ цІэрыІуэр хэугъэи ищІащ, дунейм зэрехьэар, я псалъэхэм кьапэувыжьыфым зэрыщымыІэр ищІэрти. Сэ кьэзэрыщІщыхьумкІэ, апхуэдэхэм ягу кьагъэзыкІыжьын хуейщ ятхъым папщІэ жэуапльныгъэ зэрахьр. ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я кьарур инщ, зы псальэм хьэлэбэлыкь, зэрауэ кьыкІынкІэ щынагъуэ щыІащ», - жиІащ КЬБР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и кьэрал комитетым и унафэщІ и кьудзэ **Хьэгуарэ Джамилэ**.

БАЖЭНЭ Бесльан.

● Шэрэдж куей

Хэгъуэр ягъэкІасэ

Шэрэдж куейр нарты-хур къехьэлІэжьыным зэрыпэрыхьэрэр куэд щІакъым, къуршым пэгъуэнэгъу гъавэ щапІэхэм хэгъуэр фІыуэ зэрыщыпнэхъ кІасэм къыхэкІыу.

ЩІЫПЭР къэмысу лэжьапхъэ зэфІэкІын папщІэ, абы Іэмал псори щрахьэлІэ.

Мы гъэм СХПК-хэми бэджэндырылажьэхэми нэхъыбэу хасар «Пионер», «Майсодун», «ЗПСК-4-54» жылапхъэ лІэужьыгъуэ-хэрщ. Ахэр хамэ къэрал зыбжанэм щыхасэ жьлэщ, ди щІыпІэми фІы дыдэу езэгъащ, бэварь инкІи ущыгуть хъунущ. Хозяйствэхэр кІэрТІоФымкІи бэлэрыгъакъым. Зы гектарым хуэзэу тонн 20-м нэс кьытрахащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Нэпкъхэр ягъэбыдэнущ

● Май куей

Александровскэ станицэм щыспсэухэм я дежкІэ гъэмахуэр дапщэщ гъэхъунэхунрыщ. Лэсхэн псыр щІэх-щІэхыуэр кьызэриум жьлэм дежкІэ гуГуехь куэдым хигъэтщ.

НЭГЪАБЭРЕЙ псыдзэм Мичуриным и цІэр зезыхьэ, ЩІалэгъуэ, Садовэ, Красноармейскэ уэрамхэр ильэса нэхъ, щІыпІэ власти мурад ищІащ абы кІэухьуу унафэ трищІыхьыну.

- Мыр гъэмахуэм кьыгъэхьэлъыкъуэкІ гугъуехьщ, псы уэрым зэрыстаницуэ хьэжэпхъажэ дещ, - жеІэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Протасов Владимир. - Иужьрей псыдзэм и гужькІэ, куей администрацэмрэ республикэм и Правительствэмрэ лъэІу тхылькІэ захуэдгъэзэати, «Къэббалькъмелиоводхоз» ООО-м проект хэха игъэхьэращ. Ар гъэзэщІэным федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 10,5-рэ хухахащ. ЦІыхухэр «Лезгинка»-кІэ зэджэ псыхьэр «Рем-Быт-Сервис» компанием Іегъэкъэбзэнущ, кІэнауэ ищІынущ.

Май район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапім.

КъБР-м и Оперативнэ штабым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІыхухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

КъБР-м и Оперативнэ штабым захуэгъазэ КъБР-м и цІыхухэм, псом япу, «амир» нэпцІкъэм я жьІэм зыдесыгъэхъуа, дин хабзэ эблащхэм ягъэдела икІи «диным, дин зыІыгъэм я хуитныгъэхэм ЦІэбзэн» зызыгъэІухэм, ауэ, ипэжьпІэкІэ кьапщтэмэ, мыльку зохуэлъэфсыну, республикэр Урысей Федерацэм кьыгуаду зэшхэр щызэрыкІыж льыгъажэ заУэ щкІэжІ щІыналъэ хущІэкъуэхэм я жьІэщІэ хъуа щІалэхэм.

«Амир» жьхуаУэ Ди кІыжьыгу итым и щІэкІэ тенджІэу увыну хуитныгъэ яІэу зыкъэзыІлытэжахэм я нэхъыбэпІэкІэ кьызэрыгуэкІ дин щІэныгъэ ябгъэдэлъэхьам икІи абыхэм щІыхубзэр «зыхуаущиир» экстремизмэр зыгъэзэхуэ тхыгъэхэр зэраджам кьыхаха Іуэху епІтыкІэрщ.

Дунейм зи увыпІэ кьщІыщІылъхьэу, Интернетри кьагъэсэбэнурэ, гъащІэм и зэхэтыкІэр зыгурызыгъэІуэну хущІэкъуэ щІалэгъуалэр дахьэхьи папщІэ экстремизмэм и мурадхэр дзэзыІыгъэм нобэ щІы щытыкІэр кьалытэ икІи бандитхэр динымрэ захуагъэмрэ я бэнакІуэ кьагъэлъагъуэу дунейпсо информацэ сетым хэхауэ кьыщІызэрагъэпэща сайтхэм я Іэхэр жьдажьу кьагъэсэбэн, ипэжьпІэкІэ республикэм щыІэ социальнэ, экономикэ гугъуехьхэр, коррупцэмрэ лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхэр зэрыхуейуэ зэблашуэр, абыхэм псалъэмакъыр трагъэчыныхь.

Иужьрей зэманым кьэхъуахэм кьагъэлъагъуэ, Іэмал псори кьагъэсэбэнуэр, республикэм щыІэ щытыкІэр нэхъри зэІымыгъэхьэным, хабзэр зэтег

Мысостыхуэ Пщызэбий и нэхущ вагъуэр

Илъэсищ къудейщ дэкIар



«Колокол священной кузни» кинофильмым Мысостыпхуэ Пщызэбий Лакобэ Нестор и ролыр щегъэзащI.
1981 гъэ

Москва дэт ГИТИС-р къэзыуха, нужькIэ режиссер Iэщlагъэри а еджапIэм щызэзыгъэгъэтхьажа актер цIэрыIуэ, Абхъаз Республикэм и щыхубэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-мк Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мысостышхуэ Пщызэбий и гъашIэ псор адыгэ театрым хуэлажьным тригъуахуат. Арац Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и гугъу пщIын зэрыщIэбдзэу, ар занщIэу гум къыщIэкIыр.

ГУЭХЫПIЭ имыIэу Пщызэбий и цIэм ехащ и щхьэгъусэ ЖьакIэмэхъу Кlунэ ейр. Нобэ ахэр зэкIэрыхуами, Пщызэбий и закъуэу и гугъу пщIыну гугъущ, а тIур зыпэрытар зы лэжьыгъэщи.

«ТIэкIу емыкIыу щIэджыкIакIуэхэм къащIыхьнкIи мэхъу уи щхьэгъусэм щхьэкIэ зыгуэр жыпIэну, ауэ жэщи-махуи узыщIагъуэ цIыхур пIэщIэкIыныр гугъущ, ар кIыхь зэрыббгъурымытыжыр къоМыхьэхьжкIыжи пIымэкIыркъым, - жеIэ Кlунэ. - Унагъэр уи лэжьапIэри дыхуэнжкIуэщ абы, дунейм зэрехьыкр нIъэсищ хъуауэ ди фIэщ тхуэмыщIу. Актерхэм ядэрэ ягу къагъэкIыж Пщызэбий: «абы жиIэнр сыту пIэрэт?», «мыбдежым сыт хуэдэ чэнджэщ къыщIидытынт?», «дауэт езым зэрищIынур?» жаIэурэ, е и псэльафэ гуэр къащIэжурэ. Унагъуэращи, Маринэ и кIуэ щIыкIым фIэкIа ныбжь зимыIэм къелъыхьэу, хуэныкъуэщ. Къызыхуэдгъэнэн дидэкъыми, щIэх-щIэхьурэ ар лэжьапIэм эдэьдоШэ, зэми сэ, зэми и анэм, Зыкъахуэ къызжиIаращ: «Дадэ псэужамэ, гъжьапIэм сыздэмышIэу абырэ сэрэ парким дитынтэкъэ?- Сабинпсэм къызэриIукIам хуэдэу дэ тхуэжьмыIэми, абы нэхъыбэ мынэхъ мащIэу дыщоощIэ. ЖьапIэнурамэ, си дежь щегъэжьауэ е быну, е ныбжьэгъуу, е гъэжьагъуу ар игу къэмыкIыжу махуэл дэхьх щIагъуэ къытхэту си фIэщ хьырыкъым».

Пщызэбий Адыгэ драмэ театрым и режиссеру, режиссер нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Актерыр зэIэлэIэн хуэ́ер и щхьэ закъуэрамэ, режиссерым сценэм щыджаку дэтхэнэ зымкIи жэуап ехъ. Пщызэбий хуэзэфIэкIащ режиссерым и кьалэнри актер лэжьыгъэри щIыхь пIалъу зэдихьым. Абы куэд пэлъэщыркъым. Телевиденэми режиссеру щыщыIэжьам, и гуащIэ иринкъэIащ Мысостышхуэм.

Пщызэбий жьдэлажьэу, зыщIыхуу щытахэм ар къаззэрыхэмытыжьыр къаззэрехьэлъэкIам шэч хэтъкъым, театрыр актер гъуэзэджкэм и лэжьыгъэм зэрыхуэныкъуэрн нэрыльагъуэ. Дэтхэнэ зыми ар дыззэримыуСэжьар зэрызыхэтщIэр зэхуэдэу къыщIэкIынкъым, атIэми Пщызэбий нубыду щыта увыпIэр зэрынэщIымкIэ арэзы къыздэмыхъун щыIэу фIэщщIыгъуейщ.

1953 гъэм щыщIэдзауэ сцIыхуащ сэ 2009 гъэм дунейм ехыжа Пщызэбий, - игу къегъэкIыж Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрэрми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и режиссер нэхъыщхьэ Теувэж Сультан. - Си фIэщ схуэщIыркъым рольыфI куэд зыдэсща, дахэ Iэджи зыщIэльэгъуэ Мысостышхуэ Пщызэбий къызэрытхэмытыкрэ илъэсищ хъуауэ. А зэманыр театрым и лъэр щыщIэху, и псэр гугъу щехь пIалъэ кIыщIохьу.

Пщызэбий уигу къыпхуэгъэкIыжыныкъым щеджа лъэхъэнэм къыпэпкIухьу, аращ абы сыщегупсыскIэ и щIалэгъуэм сыщIыхпIъасэр... ЖьапIэ хъунутэкъым ар зыхъсхэм нэхъыр нэхъыбжу Iуэхум хуэхъэзыру, нэхъыбэ ищIэу. Ауэ егупъарт, зыбгъэдува Iэнатlэр къыгурыIуэрти, ГИТИС-м къыдыщIэсахэм ялъэ ищауэ зэреджами пщы хэлъхьам. ГъуэзджэмкIэ Кавказ Щхьэрэ институтым щыщегъаджэм, си гъэсэнхэм сытым дежи Пщызэбий щапхъэу къахуэсхьарт. НыбжьыщIэхъуэм яжеСэрт сэ езгъащIэр альыфбий къудейуэ зэрэщIытыр, зышцагъэзнур, я щIэныгъэм щыхагъэхъуэнур цIэнэр зэрыарар, ди театрым и нэхъыжьыфIэхэм зэрадежьир. Феджэмэ, фылажьэмэ, къыхэфха Iэщlагъэр фIыуэ фIтьыгъуэ, Мысостышхуэм хуэдэу фыхунщ, яжесIэрт.

КъыхэзгъэщIну сыхуэйт Пщызэбий и Iэужь дахэ и щхьэгъусэ КIунэрэ ипхъу Маринэрэ я гъжьыгъэм зэрыхъсгъатыгъэр. Сэ абыхъм сэдэлэжьащ, театрым сехьэлIауэ куэд зэрахуэзфIэкIынкъ хьэкныу спхыкIащи, Мысостышхуэм и лъагъуэм ахэр гуфIэгъуэкIэ иринкIэну си гуапэщ», - жеIэ Сультlан.

ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ я макъ гъуэзэджэмрэ я адыгэбзэ кьабзэмрэ хуэдэ Болэ Мурат и ужькIэ къзгъуэгъуейщ. Абы щыхьэт тохьуэ Пщызэбий и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу, КъБР-м и цIыхубэ артист Къэжэр Борис.

«Егъэлеиуэ дыхуэныкъуэщ ди щынэхыжьым, сыт хуэдэ ди щэхурн зыхуэгугъэгу дызыдзгъэгурыкIуа пэжьэгъуэм. И адыгэбзэ гъэбзэрэбзэкIэм и лъэныкъуэкIи, Iущагъ екъэлIаун хуэдэ къзгъуэтыгъуейт, езым нэхъри зэрыкъыщIэ артистхэм, зыкIи я жьапIуэ имыщIу, я щIыуагъэхэр яригъэлъагъужьи, чэнджэщ щхьэпэхэр яритын хуэзфIкIырт. Артист гъуэзэджэм и лэжьыгъэкIэ щIыхуэхэм егъэщIыхужьи Iуэху зесхъэркъым, зыхэта спектакIхэр зыпIъгъуаэхэм я дежкIэ ар лейщ».

ДызэрыщIыгъуаэзэщи, и актер лэжьыгъэм кьыдэкIуэу, тхэным дихьэхырт Пщызэбий. Абы и Iадакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр щызэхуэхьса -«Дунейр чэзущ» тхылъыр 2010 гъэм кьыдэкIащ. Пщызэбий зыщIыхуу щытахэм зэрытщIэщи, зытетхыхьыр зыгъэгъэзавэ, и гур хэзыгъэщI Iуэхугъэр, зыгъэр хуэхъыхьакIэ, щIыхь-хэм заригъэщIэжьыфынкIэ гугъэу. Аращ гушыIэ зыхъэтъ, тхыгъэ тынш щIыкIуэр иIэми, и нэхъыбэр щIэткIинкIэ, щIэнэщхьэкIэ, лъэпкъым, щIыхубэм я гурыгъэзэкIэ, гъэлеиIуаэу пIэрэ хужьыпIэмкIи хуэдизу, хэкъуэзауэ къыщIигъэпъгъуэр. Хуэзфэкlарэ кьемыхъуIарэ иджыпсту и гугъу пщIыну пасщI, апхуэдэу псынщIэу дунейм зэрызэмыгъуэбзэр къэлтыгъэм.

Щапхъэ щIыкIэу къэтхьынщ и усэхэм щыщи, и гушыIэ расскази.

ИСТЭПАН Залиэ.

Цыцэу зыц къызытемынэжын

ГушыIэ рассказ

ЗЫМАХУЭ тIэкIу къэскIуэкIынщ, жысIэри сыкьыдэкIат. Гъэмахуэт, дунейм и дахэгъуэт. Кьакъэ-пщIапщIу цIыкIуэзр уэрамым дэтт. Сэри сыгуфIэжу сыздэкIуэм, портфель иIыгъыу зы лIы бэлыхь зэгъэзэща гуэр кьыскхуэжкIуэу сольагъу. Нэхъ гъуэгуф къэхъуэ сеплпэпэмэ, кIэстум зэфIэтым зы ныкъуэсаныгъэ гуэр иIэу гу лъызотэ... Нэхъ тэмэму жьапIэмэ... гъэуэншэджым щIыIуу итым пхауэ зы яхэткъым... Ар нэгъуэщI зыгуэру щытамэ, блэкIыу екъэжьынкIэ тIэу епльынтэкъым. Ауэ сэ сыхьэлэлэщ... Сыхьэлэл щхьэкIэ, мащIэрэ зыкъзэкIыжкрэ абы и зэран!.. Догуэ, сэ абы и гъэнэщIэджым сыткIэ си Iужу хэльт?.. ЩIэмынэм сызэриухуэрэт... «Мы щIалэ хъарзынэм и напэр токI, жеIэу егъэпхэжьын хуейщ», - жызоIэри, къзгъэувыIэну содже:

- ЕйI, кьуэш! ЕйI, щIалэ! - арщхьэкIэ сызэхихыркъым...

Аргуэру содже:

ЕйI щIалэ, мыдэ къэувыIэт зы дакъикьэкIэ.

Щ1алэм, къзуувыIэным и пIэкIэ, жяхь псынщIэ зещI.

Сэри, уэлэхь, мыр тхъэкIуэ жьажьэу къыщIэкIыным, мэзоIэри сыкIэлъыщIопхъэ... УиI, сыкIэщIохьэ иджы щыжьисIэм, сэмэгурагъэгужьа еуэтIри, унэшхуэ щытым щIохьэ. Сэри абы иужь ситу сыщIохьэ. КIэльпIэр 2010 гъэм кьыдэкIащ. Пщызэбий зыщIыхуу щытахэм зэрытщIэщи, зытетхыхьыр зыгъэгъэзавэ, и гур хэзыгъэщI Iуэхугъэр, зыгъэр хуэхъыхьакIэ, щIыхь-хэм заригъэщIэжьыфынкIэ гугъэу. Аращ гушыIэ зыхъэтъ, тхыгъэ тынш щIыкIуэр иIэми, и нэхъыбэр щIэткIинкIэ, щIэнэщхьэкIэ, лъэпкъым, щIыхубэм я гурыгъэзэкIэ, гъэлеиIуаэу пIэрэ хужьыпIэмкIи хуэдизу, хэкъуэзауэ кьыщIигъэпъгъуэр. Хуэзфэкlарэ кьемыхъуIарэ иджыпсту и гугъу пщIыну пасщI, апхуэдэу псынщIэу дунейм зэрызэмыгъуэбзэр къэлтыгъэм.

Щапхъэ щIыкIэу къэтхьынщ и усэхэм щыщи, и гушыIэ расскази.

ИСТЭПАН Залиэ.

Узэмысэж гуныкъуэгъуэ

Хэку зауэшхуэм япэ кьиухуэу дунейм къытехьа адыгэ щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ мымащIэу яхэтт кьыщальхуэ махуэмрэ илъэсымрэ и тэмэмыпIэм щымыгъуэзэхэр. Абыхэм ящынут Мысостышхуэ Пщызэбийрэ IутIыж Борисрэ.

АДЫГЭ лъэпкъыр зэрыгушхуэ мо щIалэпIащ, махуэ хэубыдыкIа гуэр мыхъуу, махуэ къэси бгъэльэпIэну яхуэфащт. Пэжу, нэхъ ижьыIуэкIэ тIум я паспортми жэпуэгъуэм и 15-р иратхэжат. Абы техуауэ ёзы Борис мыпхуэдэу итхьижьыат, зэрихабзэу, гушыIэ тIэкIри щIальэ: «Коммунизм мэхуу и ухуакIуэхэм дапхуэдизу нэхъыжьыфIэ къызамыплъами, сыкъэзылъхуахэм жаIэр нэхъ пэжу къыщIэжьынщ, жысIэри, жьIэм-икIэжьм абы псэкIэ сеувэлIащ: «1942 гъэм узс пасэ тIэкIри кьесарэ бжьэпэхэм телъу»... Уэс пасэмрэ а мазэмрэ зэтемыхуэщIэнкIи хъунущ, ауэ, Тхьэм кьытхуигъэгъу, - октябрьм и 15-р кьыхэзыхар сэращ. Гъэм и Iыхьэхэм ящыщу бжьыхьэр нэхъыфIу слъагъути, абы и хуэрыдкIэ сэр сыIэбэри кьыхэспхъэгъэ-тащ; 1940 гъэм октябрьм и 15-м. Си псэр арэзы зыгъэпIэрэ фызытемыкIынур аращ...»

Пщызэбии Бориси кьыщальхуар я паспортхэм иратха я махуэ дыдэр арагъэнэкIи мэхъу, ар ящIыжьа, ар ящIыжьа, ар кьыбжьэкIыфынукъым. Ауэ ар пэжми-пцIыми, ёзыжьам кьабыл ящIауэ щыщIыгъаIэ, зэрахуэфащэу я паспортми жэпуэгъуэм и 15-р иратхэжат. Абы техуауэ ёзы Борис мыпхуэдэу итхьижьыат, зэрихабзэу, гушыIэ тIэкIри щIальэ: «Коммунизм мэхуу и ухуакIуэхэм дапхуэдизу нэхъыжьыфIэ къызамыплъами, сыкъэзылъхуахэм жаIэр нэхъ пэжу къыщIэжьынщ, жысIэри, жьIэм-икIэжьм абы псэкIэ сеувэлIащ: «1942 гъэм узс пасэ тIэкIри кьесарэ бжьэпэхэм телъу»... Уэс пасэмрэ а мазэмрэ зэтемыхуэщIэнкIи хъунущ, ауэ, Тхьэм кьытхуигъэгъу, - октябрьм и 15-р кьыхэзыхар сэращ. Гъэм и Iыхьэхэм ящыщу бжьыхьэр нэхъыфIу слъагъути, абы и хуэрыдкIэ сэр сыIэбэри кьыхэспхъэгъэ-тащ; 1940 гъэм октябрьм и 15-м. Си псэр арэзы зыгъэпIэрэ фызытемыкIынур аращ...»

Пщызэбийрэ IутIыжрэ Истамбыл щохьэщIэ. Абыхэм кьабгъэдэсщ уэрэдус щIэрыIуэ Къущхьэ Догъан. *2006 гъэ*

Абхъаз Республикэм кIуэну екъэным и пэ кьиухуэу. *1990 гъэ*

Ижьымкlэ кьыщIэдзауэ: **Мысостышхуэ Пщызэбий, Хьэхьуанщlэ Ижьбгъыр, Акъ Мухьэрбэч, Къуэдзокъуэ Хьэсэн сымэ.** *1982 гъэ*

«ЩIыщIэ къэIэта» спектаклым щыщ тепльэгъуэ. Мысостышхуэ Пщызэбийрэ Ахэмыи Мухьэрбэчрэ. *1981 гъэ*

Сальнскэм и «Барабанщицэ»-м щоджэну. *1968 гъэ*

МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий и тхыгъэхэр

- Хэт и кьуэ? Япэ щыкIэ фетль, фыщIэупщIэ Iуэхур зыутми, итIанэ Iэ тевдзэ... Мыбы фаукIын хуейуэ итми фщIэркъыми... Фэ кьыхфыгугъыим, и щIыIу сщIэркъым, уэлэхьи, и гурыгъыр имыжкмэ, - жысIэурэ Зэпльык и кьуэм дежь сожэ. АпхуэдизкIэ сыкъэгубжьат, сыкъэзэрыхьаты, сыщIэжэри сыздэжри сщIэжьыртэжьым.

Кабинет жьхуэлаи псынщIэу сыщолъадэ. Зэпльык и кьуэм си тхылъымпIэм зыгуэр кьыретхэри, гу-гу-гу, а ейы жьхуэиIа кабинет гуэрым сожэ. Абы щIэсу хьуар цIыхубзт. ЦIыхухьухэм схуажемыIар абжьэм схуажеIэнт?! Зы цIыхубз домбей гуэрым тхылъымпIэр сIех, мыхъур трегъауэ, бжыгъэ гуэрхэр третхэ, папкэм дельхъэкри:

- КIуэ, зэфIэкIащ. Дыпхуей хьумэ, укьеджэнщ, - жери бжэмкIэ и Iэр еший.

Сыщхьэдэуэрэ сыкъыщIокIыж. Лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъ кьэзмыкIуаэ, бэлъыхь сыкъэзыдза ЦIыщ и кабинетымкIэ кIуэжу сольагъу. Абы и щIыIм пхауэ зы хэмыту гуфIэжу зблоцIэфын, йожьэж, дапщэрэ семыджами и щхьэ ящыдей кьымыIэту. Сэри, аргуэру сIэщIокIри сонэхьу, жызоIэри сыкIэлъыщIопхъуэ, арщхьэкIэ сыкIэщIэмыхьэу и кабинетым щIохьэж. СыкIэлъыщIыхьэнути, секретаршэу ямышэжкыныр зыхуэкIуэным сыпэлъэщыркъым. А дакъикъэм, си нэхэм зыри ямыльагъуэу, Iэл фIыщIэу сыкъызэкIуэжкI:

Е уанэ мыгугъэ тезыльхьэн, уэ щхьэ укъыскIэрыхьыжьа нобэ, скIэрыкIи зы псапIэ, зы псапIэ закъуэ жезгъэIэ мо Цыц!..

- Уа, щIалэ, дапщэрэ бжесIэну, ЦIыщ Мыцэвыи хуущIыхьэркъым.. Узыкуейламэ, тхыи пхущIэсхьэнщ.

- Сэ эз стхащ, иджы уэ тхы, си щIыфэр тхытхыжу кьэнэн цIыкIу. ТхылъымпIэкIэ фэ кьыфпахьынуэ узижагъэуныр кьыхунэ. Сыхьэт мэхъурэ стхам сыкьрехуэкI. Абы нэхьеи стхам зыри епльакъым, Мыхъур трагъауэри агъэтIылъыжащ...

Си Iуэхур зытетыр щIыльагъуи, секретаршэр кьоугъэвэ:

- Тхъэм щхьэкIэ, щIалэ, моуэ... моуэ зэ. Мэ, псы тIэкIу ефэ... Апхуэдэ мыхъэнэщхъэм щхьэкIэ апхуэдизу цхьэ укьэгубжьрэ? Тыс моуэ. Сэ иджыпсту сыпсэльэнщ тхылъымпIэр здэпхьаани уи Iуэхур здыиэсар кьыпхуэсщIэнщ. Алло, Алло... Цыцэ Мыцэвыи и секретарыращ ар. Езым и Iэ тельу тхылъымпIэ гуэр мыщIахьат идкIыпсту фи дежь. Дауэ жыпIа? А-а, гурыIуэгъуэр. Уи тхылъымпIэ а здэпхьам щIэмыльыжу жаIэ.

- ЩымыIэжуи? Ды-дыдауэ?

- Иджыпсту! Иджыпсту! Дэ льэIу тхылъхэр куэдэ щыдгъэпIу ди хабзэкъым. Уэ уи пльэIуу дэ тхуугъэ ззэщIэнуэ-тэкъыми, ищхьэкIэ яхьащ. Пщэдей кьыщIыхьи уи Iуэхур здыиэсар бжетIэнщ...

Адэжь зыхуэмыыгъужьу бжэр Iуэоудри сыщIольадэр; сыщолъадэри:

- Цыцэ! Уэ Цыцэу зыц кьыыситымыэнэкьи! Iуэху-мэ зыкъ. ЗыщыпхуэпжкIэ уеплъмэ зыхуркъэ уи... уи... уи... - сызэрэщIыкъзм хуэдэуэр сеплъмэ, зы щIыIу кьэмыныр дхьащ... Пщыр си пащхьэм кьытеIэ...



IутIыж Борис и «Эдип» спектаклым Мысостышхуэ Пщызэбий Тиресий и ролыр щегъэзащI. *2007 гъэ*

Усэхэр

Псэм и уаз

Жыlэм я тхъэмыщкIагъэр цIыху закъуэм ейм нэхъри нэхъ хьэлъэщ, псоми я ээхуэдэ къулейсызыгъэм дежь, дэIэпыкъуэгъу умыгъэтыжьмкIи хъунущи.

Демокрит.

Цыхуэпсэр сыту махэ!
Ем и фэр сыту Iув!
Зэхэзмыхыжмэ дахэ,
Псэхэхыр кьыспоув!..

Къару кьысхэлъхьи,
Тхъэшхуэ,
Гуапагъэ сыгъэлажь!
Си хъушэщ мурадыпхуэ,
СащIами егъуэзм лIыжь!

Ихуащ щIыхугъэр лIапIэ!
Напэнщэм и пхъэр къоюI!
ЯщIащ гулъытэр уапIэ!
Нэмысым и псэр хокI!

ПащIыжкъым цIыхур
ахъшэм!
Хъуэж-щажыр мардэ
махъу!
ЛIыщIыгъуэр къэмыхашэм,
ЩIэблэщIэр мэунэхъу.

ЩIесыкIыр си нэр
нэпсм!..
Гупсысэм псэр ехуэ!..
Нэжьым бжьыпэр лъысым -
IуфIынур сыт хуэдиз?!.
Уо-у, Тхъэшхуэ -
псэм хуэзгъадэ,
Насыпыр зи Iэпэгъу!
Сэ гъащIэр сIыпхми содэ,
Хэплъхьажмэ бэм гущIэгъу!!!

Бзаджэ

Бзаджэм ещI цIыху кьабзэр
Нэджэгъудэ!
Бзаджэм гъащIэр тщещI
ТфIэмыIэфIых!
Бзаджэу щыIэр хъуащи
Бзаджэнаджэ, -
ХьэкIэкхъуэкIэ хабзэм
Дыхашэж!

Кьытхэтщ бзаджэм
зымыщыфIи

И жагъуэ!
Бзаджэм убзэрабзэу
ГъащIэр зыхь!
Епльуэр бзаджагъэр
Зыгъэбагъуэ!
Бзаджэнаджэм
ИхэдгъэзэрыхьI!..

Бзаджэр, хуеймэ, ди пщэм
КьытотIысхэр!
Хуеймэ, ди щхьэр фIехри -
Ироджэту!
Хуейм ди напэр еща,
Кьещэхужьыр.
Хуейм дыбзагъэщ,
Хуейм дещIыфIыр дэгу!

Бзаджэм хуэмыгъэщкIуу
ГуфIэ нэпсыр,
Ди псэр зэм гуэн
Лъапэм щыщIетIаж!
Зэм хуенхуэкIе
Кхъащхьэм тоджэгухьыр!
Зэм щIогуэжри,
ЩIым къыщIельэфыж!..

Бзаджэр зыхуей псори
КьыдещIэфыI!
Бзаджэм ищIэ псори -
Худошэч!...
Сыт уэ, ди Тхьэ,
Ахэр кьыщIэбгъащIыр?..
Бзаджэр зытет щIылъэ, -
Сыту убэшэч!!!

ФIэкIмэ, доунэхъу!

Ей, си къуэшхэ!
ЩIыдгъэгъэт ефэныр!
Куэдщ гуIэгъуэу
Фадэм кьытухунхьар!
Нэхъри мащIэ,
Ныкъуэдыкъуэ дохъур!
Ажал уэщ
Ди лъэпкъым кьеуэлIар!

Фадэм акъыл,
Насып кьыхихауэ
Дунейм теткъым
ЩIыху жызыIэфын!
Ауэ и щIэр,
Напэр трихауэ,
Тхэтыр дапщэ?!

Хэт кьиныгъэфын?

Адыгэлым хабзэ,
ЛIыгъэ хэльу,
Пагъу, фIалIыкI
IIыу кьеелъэкIащ!
Иджы чэфу,
Хьуанэр кьыжьдэлэльу,
Фызхэм ефыщIауэ
Кьыдэнащ!
Чэф хъухункIэ
Едмыгъафэм хъэщIэр,
ПщIэ нэс
ХуэдмыщIауэ
кьытщохъуэж!

Шындэбзийщ
ЕфапIэу кьытлъысыжыр,
Ди къарум нэхъ
Жьыжьи димыхьыж!..

Абдеж - дунейр
ЩIыздогъэдэжкIыр!
Чэф къэрал
Доухуэ, докьутэж!
Лыщхьэ дигу зэбгъар
ЩIыдогъэсхькIыр!
Дыпэпсэу ди щхьэм
Дыщотхъуж!

Хэт и фызым йобгыр,
Хэт йохъэунэр,
Хэт мэгъуэгъыр,
Хэти зечэтхъэж!
ДыджэлэхъуэкIэ -
ДыпэофIэту дофар,
Чэфу щыIыхэр
Унэм дольэфыж!

Напэтехыу дэ тщIэр
ЗыIыгъу бынхэм,
Хьэл-щэн дахэ
Дэнэ кьрахьи?!
Ахэр дефхэу
Унэм щIэдуекIыхьым,
Лъэпкъ узынщэ
Уафэм къехуэхьи?!

Фадэ лъэпкъ хэмыту
ХьэгъуэлIыгъуэр,
Ди тхьэлъэIуэхэр
Щытащ едгъэкIуэкI!
Иджы нэпскIэ ещ
Ди гуфIэгъуэр!
Фадэр нэпсщи,
Нэпсым лъыпс кьыхокI!
Ныкъуэдыкъуэу,
Къэтлъхуэ бынхэр гуIэу,
ЩIыхьфIэддзэ,
ЩIыдукIыж къэхъуащ!
Ди щIыхубзхэр ефэу,
Бзаджэ жаIэу,
ЯлIхэм езэуэжу
Кьаублащ!

Езытар щIыхубзым
Фадэ нэпу
Езы фадэм
Едгъэтхъэлъэкынт,
Мывэ сын хуэщIынти
Блащхъэ фIэту,
БлэкIхэр ебгъу
ПхъэнкIийм хэзгъэувэнт!

ЩIыху тельыджкэу
Фадэм тфIыгъкIахэр,
ГуIэ нэпсу
Бынхэм щIагъэкIар, -
Зыльэгъуэ балигъхэр
Нобн дофар!..
МащIэщ нэпсым
Дерсу кьыхэтхар!

АтIэ, маржэ, адкIэ
ТщIэнур жыфIа!
Лъэпкъ хъэдагъэр
Кьытхуэхъащ гъунэгъу!
Фадэм дес, детхъэлэ,
ЗыдвгъэшыIэ!..

ХуэдвгъэщI щIэблэ
Кьыздэплъейм гущIэгъу!

Фадэм кьихъ
ГуIэгъуэм, дызэгъусэу,
КIэщIкIэ хуейщ
Унафэ тетщIыхьын!
Щхьэхъ ефэныр
Псоми здэщыдгъэту,
Ажал узым
Лъэпкъыр къедгъэлын!!!

● ЗэІущІэхэр

Лъэпкъхэр дызэкъуэтмэ, куэд тхузэфІэкІынущ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэхьэрэ ильэс 455-рэ, республикэм и къэралыгъуэм и махуэр ильэс 91-рэ зэрырикъуам теухуа зэІущІэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ кърихьэлІахэм гъэщІэгъуэн ящыхьащ Іуэхущ1апІэм и лъахэхуІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьам теухуа тхыльу, сурэту абы халъхьахэр и щыхьэпц тхыдэм ирипльэжьину хуей дэтхэнэми Іуэхум ехьэлІа куэд библиотекэм къызэрыщагъэтэтынум.

ЗэІущІэр къызэІуэхьар библиотекэм и унафэщІым и къуэдзэ **Арзанущ Александрэ**, сэнгъэкІуэкІар лъахэхуэгъэкъудамэм и библиотекарь нэхъыжь **КІуж Іэминатщ**.

Тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Унэж Кашиф** къыхигъэщащ щІалэгъуалэр зыхуеину тхыгъэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым зэрыщагъэтым къыхэкІыу, библиотекэм екІуалІэхэр мащІэ зэрыхъуар. ЩІэныгъэлІым ибзыщІакъым тхыдэ напэкІуэщІхэр пэжу щІуплъыкІын, ар щІеблэм я деж ипсэлъыкІ щхьэхІэ, библиотекэм щы-зэхуэхьэса литературэм уригъэзэн зэрыхуейр. Лъэпкъым и щхьэм кьриІуа гуэвэгъуэм къытриІэтащ мыгъэзэным теуха дерс абы къызэрыхэпхынри щІигъажащ.

Унэж Кашиф зэхуэсхэм и гугъу яхуищІащ Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэр гуэвэгъуэкІэ зэрыгъэнщІам. ЩІыуэпсхуэрей зиІэ щІыналъэм кьещІу щытащ къэрал зэхуэмыдэхэр (Уэсмэн къэралыгъуэр, Ираныр, нэгъуэщІхэри). XVI дЭщІыгъуэм Къэбэрдейр Урысейм щІигъхьамэ абы и мыхьэнэмрэ, адыгэхэмрэ урыскъэмрэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьащ Кашиф. Урысейм ис лъэпкъхэм дяку дэлъ зэгурыІуэм емыпщІыжьину абы щІалэгъуалэр къыхуриджащ.

- Дунейпсо тхыдэм къызэрыхэпщыжьыкІэ, зауэ мини 160-рэ щыІащ, абыхэм щІыу меларди 4-м щигъу зэкІуэдащ. Ди адэжьхэр ильэсищкІэ зыхуэкІуа зэгурыІуэныгъэр зэрыгъэгъэзагъэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым зэрыщагъэтым къыхэкІыу, библиотекэм екІуалІэхэр мащІэ зэрыхъуар. ЩІэныгъэлІым ибзыщІакъым тхыдэ напэкІуэщІхэр пэжу щІуплъыкІын, ар щІеблэм я деж ипсэлъыкІ щхьэхІэ, библиотекэм щы-ІуэхуитыІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ щІыбзэм хуэфащІ.

Урысейм и ТхакІуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** лъэпкъхэм я зэхуущытыкІэм щытепсэлъыхьам, жиІащ Къэбэрдейм щІэныгъэныщагъэр щигъэкІуэдыным Урысейм и егъэджакІуэхэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІам теуха щапхьэхэр гъунэжу зэрыщыІэр. Абы къыхигъащащ гъунэгъу лъэпкъхэр щэнхабзэм, литературэм, гуэхэдзэм щызэрипхІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ дежкІи фІыщІэрэ щыхьрэ зэрыпылъыр.

Лъэпкъ библиотекэм ильэс тхущІкІэ щылэжьа **НэщІыныдж Тамарэрэ** республикэм исхэм я узынщагъэр хьэмэным хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа **Пащты Викторэ** Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрыркъум теуха зэхьхьэу 1957 гъэм Москва щекІуэкІам хэтащ. Лъэныгъэм и ветеранхэу Тамарэрэ Викторэ ильэс 55-рэ и пэкІэ зыхэта а гуфІэгъуэ махуэм теуха я гукъэкІыжкэр зэхьхьэм кьрихьэлІахэм хуАІуэтэжащ.

КъаІэта Іуэхум щыпащар библиотекэм и Колонн зэлырщ. Зэхьхьэр иригъэкІуэкІащ Іуэхуи1апІэм и къудамэм и библиотекарь нэхъыжь **Харенкэ Светланэ**.

Библиотекэм ущеджэ хьу и пэщыІ и унафэщІ **Іэнакіу Иринэ** республикэм и къэралыгъуэр зэрыпсэфІэувам и тхыдэм зэхуэсахэр щригъэпльэжьи, фокІадэм и 1-р къэралыгъуэм и махуэу КъБР-м и Парламентым 1997 гъэм унафэ кьыхэригъам, 2003-2005 гъэхэм республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам, нэгъуэщІхэми и гугъу ищІащ.

АдэкІэ, библиотекэм и лэжьакІуэхэу **Созаевэ Хьэуанит, Къаро Людмилэ, Тетуевэ Шариф, КІуж Заремэ, Молэмусэ Маринэ, ДышкІ ФатІимэ** сымэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ игъэтэ нэужь, щІыналъэм и мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, спортым, медицинэм, егъэджэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэм зэрызыжьам.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, тхакІуэ, литературоведэ, КъБКъУ-м и профессор **Толуров Зейтун**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КъкъуІуфэ Хьэсан**.

Зэхьхьэхэр игъэдэхащ уэрэджы1акІуэхэу **Багъ Любэ, Даур Ириней, Хьэхъуащ1э Іэмырхан, Хуламхан ов Кайсын** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Библиотекэм и унафэщІ, проректор **Емуз Анатолэ** хьэщІэхэм фІыщІэ хуищІащ, Шемякин Михаил и томитІыкІэ абыхэм яхуэупсащ, библиотекэм щІыхь зиІэ и еджакІуэ щІэри яхунгъфэщащ.

Пшыхьым хэтащ «Севкавэлектромаш» щІэныгъэ-техникэ центрым и унафэщІ, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь **Ахъуэхъу Анатолэ**, абы и къуэдзэ **Бондарев Леонид**, КъБКъУ-м и коммуналынэ-хуэныгъэ колледжым и унафэщІым и къуэдзэ **Хочуев Абдулыхь**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и ІэщІагъэлІ нэхъыжь **Шаваевэ ФатІимэ**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэ институтым и тхыдэдж щІалэхэр, КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым щІэс студентхэр, ирагъэблагъэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр
БЕКУЗАРОВЭ Юлие
трихащ.

● Дунейм и телъыджищэ

Иеронимитхэм я къуллыцыф дуней псом щыцІэрыІуэр усакІуэ Фернанд Пессоа екІащ ильэсгъуэм: «Ар мывэу дия поэмэщ», - жиІэгъащ.

Пэжт усакІуэм жиІар. Лиссабон зыщызыпльыхьыну кІуэхэм псом япэу абыкІэщ здауэнэтІыр. Португалием и пащтыхь Мануэл Бааным мы къуллыцыфыр иригъэщат Васко да Гамэ Индием екъуІэныгъэ иІэу къызэрикІужам и щыхькІэ.

Мы къуллыцыфыр ЮНЕСКО-м Дунейпсо хьугъуэфІыгъуэхэм хибжащ.

● Фестиваль-зэпеуэ

«Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ»

«Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ» щІыналъэ зэхуаку сабий-ныбжьыщІэ фестивальзэпеуэр 2008 гъэм ирагъэжащ. Ар кьызэзыгъэпэщар Лъэпкъхэм я унэу Москва дэт къэрал Іуэхущ1апІэмрэ сурэтыщІ-модельер ТІажь Альбинэ и фондымрэщ.

Іуэхур кьыхэзыльхьахэм я мурадщ сурэт щІыныжьхэм зэфІэкІ зиІэ сабийхэм ядэІэпікуну, Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ я деджэІэхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэну, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэм и тхыдэм щІэлІэр драгъэхьэхыну.

Проектыр зэдагъэзащІэ ар кьыхэзэльхьахэмрэ Урысейм и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэмрэ, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, КъБР-м и Правительствэр, УФ-м и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэм и Аппаратыр я дэІэпікьуэгъуэу. Зэпеуэм и кьэпщытакІуэхэм я унафэщІыр Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и япэ секретарь, Урысейм и цІыкубэ сурэтыщІ, профессор Боровский Николайщ.

«Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ» арт-проектым лъабжьэ хуэхьащ Кавказым и лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэр. Ди зэпэм и пэ кьихуэу япэ, етІуанэ ильэс минхэм я зэблэкІыгъуэм кьэунэхуа эпосыр ЮНЕСКО-м кьильытащ дуней псо щэнхабзэм и хьугъуэфІыгъуэу.

Кьыхэзгъэщипхьащ, «Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэм» хуэдэ Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми зэрыщымыІэр. Іуэхур Налшык 2008 гъэм щрагъэжьащ икІи хуэм-хуэмрэ дуней псом зыщиубгъуащ. Фестиваль-зэпеуэм лъэпкъ зэхуэмыдэу 52-м кьыхэкІа сабий мини 8-м щІигъу хэтащ. Ахэр Урысейм и щІыналъэ 12-мрэ Европэм и къэрал 20-мрэ (Азием, Африкэм, Латин Америкэм, нэгъуэщІхэми) щыщхэщ. Кьыжьыпхъэщ, ныбжьыщІхэм я Іэдакъэщ1экІэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр бгъэІэпхьуэ зэрыхьур. Ахэр щагъэуващ Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ Федеральнэ щІыналъэхэм, Москва, Абхъазым (Сыхъум, Гаграэ, Новый Афон), Тыркум (Истамбул, Анкара, Адана), Йорданием (Амман), Италием (Рим).

«Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ» сабий-ныбжьыщІэ щІыналъэ зэхуаку фестиваль-зэпеуэр УФ-м и Правительствэм щэнхабзэмкІэ и сэутъэтыр 2012 гъэм зыхуигъэфэщэнуэхэм яхэтщ. Соч щекІуэкІыну Олимпиадэми «Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ» арт-проектыр хагъэхьэнущ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роэз.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Фысакъ!

Иужь зэманым телефон гъэпцІакІуэхэр нэхъыбэ хъуащ. ЩІэпхъаджащІэхэм щІыхэхэм я хьэрэмыгъэнщагъэр кьагъасэбэрпи, телефонкІэ зыпащІэ, я Іыхьлыхэр гуэвэгъуэ хэхуауэ жаІэ икІи, Іуэхур зэфІэяха хьун папщІэ, хуагъэльагъуэ счетым ахъшэ кьагъэхьыну жраІэ. Иужьым, къызэрыщІэкІымкІэ, ахъшэр зыІэрыкьэр нэгъуащІщ.

Апхуэдэм зэщыщфхъуэмэ папщІэ, нэгъуащІ кьалэ кьиплъэльыкІыу ахъшэ евгъэхьыным теухуауэ зыкъыфІэуагъэзэмэ, хъыбарыр Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык кьалэмкІэ и Управленэм псынщІэу лъэвгъэІэс. Фыпсальэ хьунущ:

Налшык кьалэмкІэ УФ-м и УМВД-м и плъыр частым - 49-46-02; 77-05-74; 74-07-33;

Налшык кьалэмкІэ УФ-м и УМВД-м 1-нэ І энатІэм и плъыр частым - 49-40-42; 42-20-28;

Налшык кьалэмкІэ УФ-м и УМВД-м 2-нэ І энатІэм и плъыр частым - 49-57-29; 96-33-44; 49-56-99;

«Дзыхь зрагъэз» телефоным - 49-47-34.

Апхуэдэхэм защыфхъуэмэ-ныкІэ чанджащэр:

- гъэпцІакІуэхэм жыІ телефоныр кьызэрагъэсэбэп Іэмалхэм теухуауэ сотовэ зэпыщІэныгъэхэм я операторхэм, цІыхубз хьыбарегъащІэ І энатІэхэм къатхэм гулъытэ хуэфащІ;

- фи Іыхьлыуэ, цІыхугъэ е нэгъуэщІ жаІэу телефонкІэ мыцІыхуэм кьыбгъэдэкІыу кьыфІэрыхьа хьыбарыр пэжмэ, зэхэзгъэкІ;

- ахъшэ яІэрыыгъэхьону, жаІэр вгъэзэщІэну фемыпІэщІэкІ. Зыщыцымыгъэгъупщ фысакъыкІэ зэрыкуэр.

Урысей Федерацэм и МВД-м и Налшык кьалэмкІэ и Управленэ.

ФщІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Къэрал автоинспекцэм кьызэрытымкІэ, гъэзугум щызекІуэжьм полицэм и лэжьакІуэхэм, къызэрыгъэщынщи, зи Іэщ1агъэм хэзымыщыкІэхэм, бгъэдыхьэкІэ тэмэм зыдамылъагъуэхэм суэрт, видео трахыну хунтщ.

ГРАЖДАНИНЫМ полицэм и лэжьакІуэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр хабзэм кьемыІэзэгъыу кьилъытэмэ, ешьм ехьэлІауэ ятха административнэ дэфтэрымкІэ мыарэзымэ, абы хуитыныгъэ иІэщ ар зэкиІэжьІэн е кьытралъхьа административнэ тезырыр трахыжьн папщІэ ищхьэкІэ щыІэ Іэнатіэм зыкуигъэзэну. Абы и лъэІум щІигъу хьунущ езыр зэрымыкъуанщэм щыхьэт техъуэ сурэт, видеоматериалхэр.

ГИБДД-м и плъыр автомашинэхэр сурэт тезых, видео ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жан.

● ЗЭІущІэхэр

Лъэпкъхэр дызэкъуэтмэ, куэд тхузэфІэкІынущ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэхьэрэ ильэс 455-рэ, республикэм и къэралыгъуэм и махуэр ильэс 91-рэ зэрырикъуам теухуа зэІущІэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ кърихьэлІахэм гъэщІэгъуэн ящыхьащ Іуэхущ1апІэм и къудамэм и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьам теухуа тхыльу, сурэту абы халъхьахэр и щыхьэпц тхыдэм ирипльэжьину хуей дэтхэнэми Іуэхум ехьэлІа куэд библиотекэм къызэрыщагъэтэтынум.

ЗэІущІэр къызэІуэхьар библиотекэм и унафэщІым и къуэдзэ **Арзанущ Александрэ**, сэнгъэкІуэкІар лъахэхуэгъэкъудамэм и библиотекарь нэхъыжь **КІуж Іэминатщ**.

Тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Унэж Кашиф** къыхигъэщащ щІалэгъуалэр зыхуеину тхыгъэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым зэрыщагъэтым къыхэкІыу, библиотекэм екІуалІэхэр мащІэ зэрыхъуар. ЩІэныгъэлІым ибзыщІакъым тхыдэ напэкІуэщІхэр пэжу щІуплъыкІын, ар щІеблэм я деж ипсэлъыкІ щхьэхІэ, библиотекэм щы-зэхуэхьэса литературэм уригъэзэн зэрыхуейр. Лъэпкъым и щхьэм кьриІуа гуэвэгъуэм зэрыхуейр. Лъэпкъым и щхьэм кьриІуа гуэвэгъуэм къытриІэтащ мыгъэзэным теуха дерс абы къызэрыхэпхынри щІигъажащ.

Унэж Кашиф зэхуэсхэм и гугъу яхуищІащ Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэр гуэвэгъуэкІэ зэрыгъэнщІам. ЩІыуэпсхуэрей зиІэ щІыналъэм кьещІу щытащ къэрал зэхуэмыдэхэр (Уэсмэн къэралыгъуэр, Ираныр, нэгъуэщІхэри). XVI дЭщІыгъуэм Къэбэрдейр Урысейм щІигъхьамэ абы и мыхьэнэмрэ, адыгэхэмрэ урыскъэмрэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьащ Кашиф. Урысейм ис лъэпкъхэм дяку дэлъ зэгурыІуэм емыпщІыжьину абы щІалэгъуалэр къыхуриджащ.

- Дунейпсо тхыдэм къызэрыхэпщыжьыкІэ, зауэ мини 160-рэ щыІащ, абыхэм щІыу меларди 4-м щигъу зэкІуэдащ. Ди адэжьхэр ильэсищкІэ зыхуэкІуа зэгурыІуэныгъэр зэрыгъэгъэзагъэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ Интернетым зэрыщагъэтым къыхэкІыу, библиотекэм екІуалІэхэр мащІэ зэрыхъуар. ЩІэныгъэлІым ибзыщІакъым тхыдэ напэкІуэщІхэр пэжу щІуплъыкІын, ар щІеблэм я деж ипсэлъыкІ щхьэхІэ, библиотекэм щы-ІуэхуитыІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ щІыбзэм хуэфащІ.

Урысейм и ТхакІуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** лъэпкъхэм я зэхуущытыкІэм щытепсэлъыхьам, жиІащ Къэбэрдейм щІэныгъэныщагъэр щигъэкІуэдыным Урысейм и егъэджакІуэхэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІам теуха щапхьэхэр гъунэжу зэрыщыІэр. Абы къыхигъащащ гъунэгъу лъэпкъхэр щэнхабзэм, литературэм, гуэхэдзэм щызэрипхІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ дежкІи фІыщІэрэ щыхьрэ зэрыпылъыр.

Лъэпкъ библиотекэм ильэс тхущІкІэ щылэжьа **НэщІыныдж Тамарэрэ** республикэм исхэм я узынщагъэр хьэмэным хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа **Пащты Викторэ** Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрыркъум теуха зэхьхьэу 1957 гъэм Москва щекІуэкІам хэтащ. Лъэныгъэм и ветеранхэу Тамарэрэ Викторэ ильэс 55-рэ и пэкІэ зыхэта а гуфІэгъуэ махуэм теуха я гукъэкІыжкэр зэхьхьэм кьрихьэлІахэм хуАІуэтэжащ.

КъаІэта Іуэхум щыпащар библиотекэм и Колонн зэлырщ. Зэхьхьэр иригъэкІуэкІащ Іуэхуи1апІэм и къудамэм и библиотекарь нэхъыжь **Харенкэ Светланэ**.

Библиотекэм ущеджэ хьу и пэщыІ и унафэщІ **Іэнакіу Иринэ** республикэм и къэралыгъуэр зэрыпсэлъыхьам, 2003-2005 гъэхэм республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам, нэгъуэщІхэми и гугъу ищІащ.

АдэкІэ, библиотекэм и лэжьакІуэхэу **Созаевэ Хьэуанит, Къаро Людмилэ, Тетуевэ Шариф, КІуж Заремэ, Молэмусэ Маринэ, ДышкІ ФатІимэ** сымэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ игъэтэ нэужь, щІыналъэм и мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, спортым, медицинэм, егъэджэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэм зэрызыжьам.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, тхакІуэ, литературоведэ, КъБКъУ-м и профессор **Толуров Зейтун**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КъкъуІуфэ Хьэсан**.

Зэхьхьэхэр игъэдэхащ уэрэджы1акІуэхэу **Багъ Любэ, Даур Ириней, Хьэхъуащ1э Іэмырхан, Хуламхан ов Кайсын** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Библиотекэм и унафэщІ, проректор **Емуз Анатолэ** хьэщІэхэм фІыщІэ хуищІащ, Шемякин Михаил и томитІыкІэ абыхэм яхуэупсащ, библиотекэм щІыхь зиІэ и еджакІуэ щІэри яхунгъфэщащ.

Пшыхьым хэтащ «Севкавэлектромаш» щІэныгъэ-техникэ центрым и унафэщІ, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь **Ахъуэхъу Анатолэ**, абы и къуэдзэ **Бондарев Леонид**, КъБКъУ-м и коммуналынэ-хуэныгъэ колледжым и унафэщІым и къуэдзэ **Хочуев Абдулыхь**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и ІэщІагъэлІ нэхъыжь **Шаваевэ ФатІимэ**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэ институтым и тхыдэдж щІалэхэр, КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым щІэс студентхэр, ирагъэблагъэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр
БЕКУЗАРОВЭ Юлие
трихащ.

«Нурым» и ебгъуанэ къыдэкІыгъуэ

● ЩІэ

Сабийхэм папщІэ къыдэкІ «Нур» журналым мы гъэм и ебгъуанэ тхыльыр нэхъ зытеухуар адыгэбзэм и алфавитырщ. Абы журналым и зэхуэдитІым нэхъыбэ еубыд. Адыгэбзэм и хьэрфхэр ину, сурэтхэр щІыгъуэу тетщи, ар щІыкІуэм тынщу зэрагъэщІэныкІэ дэІэпыкъуэгъуэфІ яхуэхьунущ.

УФ-м ЩЭНХАБЗЭМКІЭ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, усакІуэ Къэжэр Петр «Нурым» и япэ редактору щытащ икІи илъэс куэдкІэ а Іэнатіэр ирихьэкІащ, журналыр пэ быдэкІэ зыгъэзыуэкъэм ящыщщ.

Мы къыдэкІыгъуэм тетщ Къэжэрым теуха тхыгъэ кІэщІрэ сабийхэм яхуитхахэм щыщ усэ зыбжанэрэ.

Журналым пещэ нэхъапэкІэ тета тхыгъэ нэхъыфІхэм къытегъэзэжьыным. Абыхэм ящыщщ тхьэкІуэмэкІыхьыр дыгъужьыжьым еБзэджэкІыу хьилагъэкІэ къызэрыІуэкІам теухуауэ Дудар Хьэутин итхауэ щыта «ПщыхьэпІэ» тарурыхьэр. Ар къеджэхэм ящ зэрырагъэжьэну щхьэкІэм.

Нэхъапэкіэ тетащ Жаным Борис и «Кьуалэбзу пшынатэ» усэри.

Ари, усэм зи гугъу щІэ къуалэбзуэм я сурэтэхэри тетщ журналым.

Мы къыдэкІыгъуэм «Нурым» и гуэдзэм къощ Налшык дэт курыт еджапІэ № 25-м и епланэ классым кІуэ Сонэ Алинэрэ Налшык дэт 75-нэ прогимназием и гъэсэн Бозий Исльамрэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

Зыкъом гурыІуэгъуэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и дивизион нэхъыщхьэм мыгъэрей зэпеуэр щиухыным кьэнэжар джэгуныщщ. Абы щыгъуэми иджыпстуи зыкъом зэхэкІащ.

ТЭРЧ КЬАЛЭ щыІэу щІыпІэ командэм 2:0-у зэрытеІуам «Автозапчасть» ТІуапсэ-р чемпионыгъэм нэхъ гъунэгъуэ хуищІащ. ЕтІуанэ увыпІэм щыт «Кэнжэм» ар иджыпсту очкоитхуІэ яІэ ящащ икІи джэгуГъуэ кьаІуэм «Бэтэхыр» щыхигъащІэмэ, зэхьэзэхуэм и дыщэ медалхэр и Іэрыльхьэщ, сыт щхьэкІэ жыІІэмэ къыкІэльыкІуэм, зэпеуэм хэкІыжа «Эльбрус»-м Іумыщ1эхэу, текІуэныгъэр кьыщратынущ.

Дыжьыныр зэхэзымрэ нэхъ зылъыхьыпхъэр «Кэнжэмрэ» «Бахьсэнымрэ» зохагъэкІыну кьыщІэкІынщ. Аэрри къыкІэльыІэ «Спартак-31»-мрэ «Къэхъуныкъмрэ» очкои 5-8-кІэ ящхьэщыкІащ.

Гуп нэхъыщхьэр зыбгъынэнухэри гурыІуэгъуэ хуэдэщ. «Эльбрус»-м гъуэсэ хуэхъуну ф1 ятетщ «Бэтэхыр» «Бедик»-мрэ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр зыми зэрыІэримыІэхьэхьэр нэрылъагъуэщ ШащІэ Беслъэн («Къэхъун»). Абы и топ бжьигъэм аргуэру тІу хигьахъуэри, псори зэхэту 52-м нигъэсащ. ШащІэм къыкІэлыкІуэ Темукуевыр («Бахьсэн») 33-рэ кьыхэжаныкІащ.

Иджы фыщІыдгъэгъуэзэнщ КъБР-м футболымкІэ и мы-гъэрей зэпеуэм и пІощІэ еблагъэхэр: **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **0:2**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«ГидроЭС»** (Налшык) - **4:3**, **«ДЕР»** (Шхьэлыкъуэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:2**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Велес»** (Къэрэгъэщ) - **2:0**, **«Бэтэх»** (Бэтэх) - **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **2:4**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **8:1**, **«Спартак-31»** (Налшык) - **«Штауч-Аркада»** (Шэджэм) - **3:2**.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и дивизион нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	27	21	2	4	81-37	65
2. «Кэнжэ»	27	19	3	5	81-34	60
3. «Бахьсэн»	27	17	6	4	91-35	57
4. «Спартак-31»	27	16	4	7	69-49	52
5. «Къэхъун»	27	16	4	7	81-59	52
6. «Нарт»	27	14	2	11	58-53	44
7. «Тэрч»	27	14	2	11	72-54	44
8. «ГидроЭС»	27	12	5	10	65-45	41
9. «Штауч-Аркада»	27	12	2	13	62-67	38
10. «Велес»	27	10	4	13	59-69	34
11. «Шэджэм-2»	27	9	4	14	48-74	31
12. «ЛогоВАЗ»	27	9	2	16	60-79	29
13. «ДЕР»	27	8	5	14	50-66	29
14. «Бедик»	27	8	0	19	51-107	24
15. «Бэтэх»	27	6	5	16	36-62	23
16. «Эльбрус»	27	0	0	27	18-92	0

● Футбол

Афэрым, «Адыгэхэ»!

Иджыблагъэ ТІуапсэ къыдэм щекІуэкІащ футболымкІэ «Фэ топ» урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы щытекІуащ Къэрэшей-Шэрдджэсым и Адыгэ Хьэбзэ районым и «Адыгэхэр» сабий бзыльхъугъэ командэр. Къэндэхъу Виталиирэ Айбазов Артуррэ зи гъэсакІуэр.

ИЛЬЭСИТЫМ кьриубыдэу, гупым хэт хьыджэбз цыкІуэм зэфІэкІ хьарзынэхэр кьагъэлъэгъуащ. Ахэр япэ щыІэ республикэм пашэ щыхьэщ, абы кьыкІэльыкІуэу текІуэныгъэр кьыщцахьащ Ищхьэрэлянэ щыналъэм. ИтІанэ «Кавказ Ищхьэрэм щыІэхэ» лъэщ дыдэ» цІэр кьахьэхуащ. Къэнэжар «Фэ топ» урысейпсо зэхьэзэхуэрати, я зэфІэкІым абдежми кьыщигъэпщІакъым: щІалэ, хьыджэбз цыкІу мин бжьигъэхэм я зэчиф кьыщагъэльагъуэ школ нэхьыфІ дыдэу кьаІыстэм и гъагаПІэги зыІэрагъэхьащ.

2001-2002 гъэхэм кьалъхуа хьыджэбз цыкІуэр зыхэта зэпеуэм и кІэух Іыхьэр щекІуэкІа ТІуапсэ щыІэзэуэсат Урысейм и гуп лъэщ куэд. Псори къыщІэкІуар, зэрыгурыІуэгъэщІ, текІуэныгъэрт, кьарууши зэрахэмытыр Іупщт.

«Адыгэхэм» вым и бжьакьуэр заншІэу яубыдащ. Япэу зыІуща гупым (Краснодар край) ар текІуащ бжьигъэр 3:0-у. Псков областым кьэкІаохэри кьыпэльащхьаІэм (бжьигъэр 1:0) Кьундзхьумрэ Айбазовымрэ я гъэсэнхэм. Башкортостанымрэ Свердловск областымрэ я гупхэм я гъуэгум топи 8 дагъэкІащ, зы очкои кьахьыну Іэмал ирамыту. Зэрынэрыльагъущи, зыщІыпІэ дежи шэч кьыщІытепхьэщ щыІэтэкІым «Адыгэхэм» нэхъ льэщ зэхьэзэхуэм зэрыхэмытым.

КІэух зэІущІэм аэр щыдэджэгуащ Саратов кьаІэ и гупым, езыхэми ещхьу, зы зэІущІэми щыхьамыгъэщІам. ЖьпІэнурекъэ, топ дзгъэкІыкІэ гъэщІагъэнэхэмрэ джэгум кІэгъыпІъхэм я «сымаджэкІэмкІэ» гъэнщІауэ екІуэкІащ а зэІущІэр.

- Финалым ящсынщ - ар езыр екъуІэныгъэти, адэкІэ дымыпІейтейуэ, гупсэхуу, дыз1эресам дытету, дыджэгуащ, - жеІэ «Адыгэхэр» гупым и джэгуакІуэ, «Фэ топ» зэхьэзэхуэм и бомбардир нэхъыфІу кьаІытуа Тхьэкъуахуэ Алинэ.

Асльэныкъуэ Мадинэ кьыхуагъэфэщащ «Зэхьэзэхуэм и гуащІэхъхъуэмэ нэхъыфІщІэр.

Зыхуэпэбгъа кубокыр кьэзышІэжу къэкІуэжа «Адыгэхэр» гупыр республикэм Іэтауэ, чемпион дыдэм хуэдэу, щрагъэблагъэжащ. «Ятэу хьыджэбз цыкІуэхэм ехъуэхъуар Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэрщ, - жиІащ республикэм и Цыхьэ зэІущІэм и депутат Асльэн Алий. - ХьІуфэ Іус щапсыгъэм я Адыгэ Хасэм ди гуапэ кьищІащ. Ныбэ Жамболэтрэ Дзыбэ Тимурэрэ Агуей-Шапсыгъ кьуаІэм драгъэблагъэри, кьызэІуахагъащІэ Тхьыдэ-щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм дыщыІащ, дахэу дагъэхьащІащ. Ди нэгу щІэкІар куэдрэ ди гум ихужьынкІэ».

ныБЭ Анзор.

Лазаревское къуажэ. Псэуапсе.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэхІэмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ,